

# **CHIGA CHEKODZERO**

Munyika yeZimbabwe



Chiga CheKodzero: Munyika yeZimbabwe

ISBN: 978-1-7764116-6-5

© 2022

Centre for Human Rights, University of  
Pretoria and the KAS Rule of Law  
Programme for Anglophone Sub Saharan  
Africa.

Designed by Judava Worx



Boka re **Centre for Human Rights**, Faculty of Law, University of Pretoria, rine mukurumbira nekuzivikanwa pasi rose, rinosanganisa hunyanzi hwaana mazvikokota vefundo nevashandiri, vamiririri nevachengetedzi vekodzero mukushanda kwaro kuvandudza kuzadzikiswa kwekodzero dzevanhu zvikurusei muAfrica. Boka iri rine chinangwa chekusimudzira kodzero dzevanhu kubudikidza nekupa dzidziso, kuita tsvagiridzo pamwechete nekushandisa zivo nehumbowo kunogomedzera hutungimiriri nedzihurumende munyika dzakasiyana-siyana zvikurusei muAfrica kuti kodzero dzevanhu dziremekedzwe nekuzadzikiswa.

[www.chr.up.ac.za](http://www.chr.up.ac.za)

Boka re **Konrad Adenauer Foundation** (KAS) iboka reku Germany rinotsigira zvekutongwa kwedzinyika zvinenduramo negutsaruzhinji, richizvipira iro kubatsira, kubudikidza nedzidziso dzakasiyana-siyana, kuwanikwa nekuchengetedza kwerunyararo munyika dzarinoshanda nadzo, pamwechetewo nekuti muwanike rusununguko rwevanhu nekushanda namazvo kwemitemo munyika idzodzo. Zvese izvi boka reKAS rinoita kubudikidza nemahofisi aro gumi neimwe 111 akatekeshera nyika dzakasiyana pasi rose. Chirongwa cheKAS chinonzi icho Rule of Law Program for Anglophone Sub-Saharan Africa, icho chinoitwa chichibva muguta reNairobi, Kenya chave nenguva yakati rebei chichiita basa rekuvandudza kushanda zvakanaka kwemitemo nematare mudzinyika dzemuSub-Saharan Africa, pamwewo nekusimudzira hutongi hwegutsaruzhinji huye kuzadzikiswa kwekodzero dzevanhu munyika idzodzi, kubva mugore ra2006. Chirongwa ichochi chakabvirazve kare chichikoshesawo zvirongwa zvinovaka nekusimudzira kutevedzwa kwemitemo iri mumabumbiro emutemo pamwechete nekuchengetedza kwekodzero dzevanhu dzinowanikwa mumabumbiro emutemo iwaya.



# **MASHOKO EKUTANGA**

Tinorarama munyika yatinogaronzwa pachitaurwa nezvekodzero dzevanhu, yatinogaronzwa zvichinzi kodzero dzinobatsira kuti vanhu vararame upenu hunechiremerera, hwakasununguka. Munyika zhinji kwazvo, kusanganisira Zimbabwe, kodzero dzevanhu dzakanyorwa nezvadzo, dzinotsinhirwa huye nekuchengetedza mumabumbiro emutemo yenyika. Izvi zvinopa mukana mukuru kuvanhu kuti kodzero dzavo nezvakavakoshera pakurarama zvive zvakachengetedzeka nekukosheswa, sezvo vachikwanisa kuenda kunotsvaga nekuwana rubatsiro rwekuzadzikisa kwekodzero dzavo dziri muBumbiro nenzira dzakasiyana-siyana, kusanganisira kumatare edzimhosva. Zvisinei hazvo, zvinosuwisa kuti kazhinji kacho vanhu vanowanzotambudzika kuti kodzero dzavo dziremekedzwe kana kuzadzikisa. Pamwe pacho zvinodaro nekuti vanenge vasingatozivi nezvekodzero dzavo zvizere, pamwe pachowo vasingazivi kuti votora matanho api kuti kodzero dzavo idzodzi dzichengetedzwe, dziremekedzwe kana kuzadzikisa. Gwaro rino rakanyorerwa kubatsira kukunda pamatambudziko iwaya.

Gwaro rinopa nhanganyaya yakareruka kunzwisia maringe nezvekodzero dzevanhu, kuti dzimbori chiiko, dzinobvepi huye dzinorevei kuvana nevagari venyika yeZimbabwe. Kubudikidza negwaro rino, mapoka eCentre for Human Rights (The Centre) pamwechete neKonrad-Adenauer-Stiftung (KAS) anovimba kubatsira munhu wese munyika yeZimbabwe-kubatsira iyewe sedungamunhu - kuti uhive kodzero dzako nekuva nekunzwisia kwakavandudzwa kuti dzinokubatsirei paya paunenge woda kumbunyikidza kana kudzvinyirirwa, zvingade kubva kumapazi eHurumende, mungave mumabasa umu mumakambani kana kubva kunevamwewo zvavovanhu munyika. Gwaro rino richakubatsira kuti unzwisise mararamiro aungaite kodzero dzako dzakachengetedzeka dzichiremekedzwa.

Mapoka eThe Centre pamwechete ne KAS akazvipira kutsigira zvrongwa nevaraviro yevanhu maringe nekuti vararame zvine chiremerera, mutsigo nekusununguka kuzere. Mapoka maviri iwaya ane maonero ekuti kupa vanhu dzidziso yezvekodzero, pamwechete nekuvabatsira kutora dzidziso iyoyi kwaakugadzira matanho nezvrongwa zvekudzivirira nekuchengetedza kodzero ndiyo imwe yenzira huru yekuti vanhu vararame zvinechiremerera nemutsigo munyika.

Tinofara zvikuru kuwana mukana wekushanda pamwechete pakugadzira gwaro rino, huyewo tinovimba richava mudziyo wakakosha wekubatsira vanhu pakudzivirira, nekuzadzikisa kwekodzero dzavo idzo dzakachengetwa muBumbiro ravo remutemo.

Prof Frans Viljoen  
Director  
Centre for Human Rights  
University of Pretoria

Dr. Stefanie Rothenberger  
Director  
Rule of Law Program for  
Anglophone Sub-Saharan Africa  
Konrad-Adenauer-Stiftung

<b>Mavambo</b>	1
<b>MaBumbiro emutemo: Ambori maiko?</b>	3
<b>Nhoroondo yeBumbiro remutemo wenyika muZimbabwe</b>	5
<b>Neiko Bumbiro remutemo ra 2013 raiva mucherechedzo we 'mwaka mutsva' munyika?</b>	8
<b>Zviiko zvinowanikwa muBumbiro remutemo?</b>	10
<b>Kupatsanurwa kwemasimba ehutongi nemapazi matatu ehurumende</b>	12
<b>Marongerwe akaitwa matare edzimhosva muZimbabwe</b>	15
<b>Kodzero chiiko huye dzinorevei kwauri?</b>	18
<b>Chiga cheKodzero (Declaration of Rights)</b>	24
<b>Chiga CheKodzero : Muchidimbu</b>	25
<b>Chikamu Chepiri – Kodzero Nekusununguka Kwevanhu Kwakakosha</b>	43
<b>Kuva nechokwadi chekuti kodzero dzako dzazadzikiswa</b>	45
<b>Mukupeta</b>	47
<b>Mapoka anokwanisa kukubatsirai pakuchengetedza nekuzadziswa kwekodzero dzenyu</b>	48

**ZVIRIMUGWARO  
RINO**

# MAVAMBO

Munhu wese munyika yeZimbabwe anekodzero idzo dzinobatsira kuti ararame upenyu hune chiremerera, tarisiro yakanaka yeramangwana rakajeka pamwewo nechinangwa. Kodzero idzodzi dzakanyorwa nekutsinhirwa muBumbiro remutemo wenika.

Nyika yeZimbabwe yave paBumbiro remutemo rechipiri kubva nyika payawana kuzvitonga kuzere. Bumbiro remutemo rekutanga rakadzikwa mugore ra1980 pasununguka nyika, iro rakazoshanda kusvika padzikwa rimwe Bumbiro idzva mugore ra2013. Iro Bumbiro ra2013 iri rakagamuchirwa nevanhu kubudikidza nesarudzo ye referendum yekurigamuchira kuti richitange kushanda kana kuriramba. Kuitwa kwe referendum ikoku chakava chiitiko chakakosha zvikuru munyika yeZimbabwe sezvo kaiva kekutanga munhoroondo yenika kuti ruzhinji rwevanhu rwuite sarudzo yekushandura Bumbiro remutemo kubva nyika iwane kuzvitonga kuzere. Vainge vakapihwa basa rekunyora Bumbiro idzva remutemo iri, vaizivikanwa sekuti Constitution Parliamentary Select Committee (COPAC), vakaita misangano ingada iyo kusvika zviuru zvishanu 5 000 muma ward ese anosvika 1 957 muno munyika yeZimbabwe, vachitora mazano nepfungwa dzevanhu kuti Bumbiro idzva raifanira kuve rakamira sei. Pedzezvo, pfungwa dziya nemaonero evanhu vemuZimbabwe zvakazoongororwa zvikaiswa pamwe, pachizogadzirirwa iro Bumbiro rekuzovhoterwa pareferendum muna Kurume 2013, pedzezvo richizotanga iro kushanda seBumbiro idzva remutemo wenika.

Bumbiro remutemo wenika ra2013 rakakosha sezvo richiisa kodzero dzevana veZimbabwe pamwoyo paro, huye richitsetsenura hwaro hwekuti hurumende ikoshese kuva nehutongi hwegutsaruzhinji, irevese pakutungamira nyika zvinenduramo, ichiisa zvido zvevanhu pamberi huye ichishanda zviri pajekerere nekukwanisa kupa tsanangudzo kumhomho yeruzhinji rweZimbabwe pamashandiro nemabatiro ayo ainenge ichiita. Gwaro rino rinounza hurukuro yekuti Chiga cheKodzero, kana kuti Declaration of Rights (chikamu chiru muBumbiro remutemo chinodonongodza kodzero dzevanhu) chingavandudza sei kuveko kwe 'mwaka mutsva' hwehetungamiriri nemafambire ezvinhu akanaka muZimbabwe. Rinoendererawo mberi nehurukuro Bumbiro remutemo ringadzivirire vanhu nenharaundera dzvavo seiko kuti raramo iwane pundutso nekuenda mberi zvakanaka.



(CREDIT: UN OHCHR)

## Kushandisa gwaro rino

Gwaro rino rine donzvo rekukupai nzwisa kana kuti nhanganyaya maringe nezveBumbiro remutemo weZimbabwe, richitsanangura kuti kodzero dzenyu ndedzipi huye dzichirevei. Mariri mune mienzaniso yemitongo yekumatare nenya dzevanhu vaitsvaga kuchengetedzwa nekuzadzikisirwa kodzero dzavo kubva kuHurumende, pamwe pacho kubva kune vamwewo vagari venyika yeZimbabwe.

Gwaro rino rinongopa zvidimbu nenzwisa bedzi maringe neChiga cheKodzero (Bill of Rights). Muchida kuverenga Bumbiro remutemo zvizere, rinokwanisa kuwanika rese padandemutande remasai-sai (internet) mukatsvaga pama search engine akaita saana Google monyora kuti "Zimbabwe 2013 Constitution", kana kushandisa kero inoti [https://parlzim.gov.zw/wp-content/uploads/2021/07/Constitution-of-Zimbabwe-Amendment\\_No\\_20\\_-\\_14-05-2013.pdf](https://parlzim.gov.zw/wp-content/uploads/2021/07/Constitution-of-Zimbabwe-Amendment_No_20_-_14-05-2013.pdf) pamunenge muchitsvaga padandemutande remasai-sai irori.

Kuri kunzi madawo kuverenga zvakadzama maringe nenya kana mitongo yekumatare iri mugwaro rino, munokwanisazve kutsvaga padande-mutande ipapa kuburikidza nekunyora zita renyaya yacho mbune yamunoda kuverenga nezvayo pasearch engine yakaita seGoogle, munofanirwa kuiwana pasina dambudziko.



(CREDIT: GPE/ Carine Durand)

# MABUMBIRO EMUTEMO: AMBORI MAIKO?

Nyika zhinji pasi rose dzine maBumbiro emutemo. Bumbiro remutemo, munyika zhinji, ndiwo mutemo mukuru wepamusoro-soro kupinda imwe yese munyika. Mitemo yese inowanikwa munyika inofanira kudyidzana nekupihwa gwara neBumbiro remutemo, huyewo kuita kwese, basa ripi zvaro ringabatwe kana zvirongwa zvipi hazvo zvingaitwe neHurumende zvakafanira kuva zvinotevedzera Bumbiro remutemo wenyika iyoyo. MaBumbiro emutemo anotaura nezvemaumbirwo emabandiko ehutungamiriri munyika, masarudzirwo evatungamiriri nekushanda kwavo, huyewozve nekupa gwara rekuti zvibandiko zvehutungamiriri hwenyika zvakaita semapazi ehurumende, matare edzimhosva neParamende zvinofanirwa kunge zvichishanda sei. Nerimwewo divi, kodzero dzevanhu dzinonyorwawo nekutsanangudzwa mumaBumbiro emutemo iwaya.



MumaBumbiro emutemo imomu munowanzo jekeswawozve nezvetarisiro nevavariro yehugari nekudyidzana kwevanhu nenharaunda dzavagere zvine sungawirirano, pamwechetewo nekuchengetedzwa nekushandisa zvakaringana kwezviwanikwa munzvimbo idzodzo. MaBumbiro anowanzopawo mucherechedzo wezvakambosangana nedzinyika mumakare, huyewo kudonongodza tarisiro neshuwiyo mune ramangwana rakajeka renyika nevanhu vayo. Semuenzaniso Bumbiro remutemo wenyika yeZimbabwe rinojekesa nheyo, mapango nembariro zvinokosheswa nevana veZimbabwe mukuvakwa kwenyika yavo muchikamu cheNhanyanya (Preamble), icho chinowanika pekutanga muchinyorwa cheBumbiro ravo .





### NHANGANYAYA

Isu, vanhu veZimbabwe,

Tichibatanidza mukusiyana kwedu neshuviro imwechete yekusununguka, kuchengetedza nemutemo nekuyenzana pakurarama, pamwechetewo nehugamba hwedu pakurwisa vapambepfumi, rusaruraganda nehipi zvahwo hudzvinyiriri nekumbunyikidza kwevanhu, Tichisimudzira nekukoshesa vanhukadzi nevanhurume vaive nehushingi vakazvipira kupa upenyu hwavo muhondo yeChimurenga / Umvukela pamwechetewo nedzimwe hondo dzerusununguko rwenyika, Tichiremekedza madzitateguru edu neavo vakafamba pamberi pedu vachishingairira budiriro yenyika yedu, Tichicherechedza kukosha kwekusimbisa hutongi hwegutsaruzhinji munyika medu, huri hwakanaka, huri pajekerere, huchivandudza nduramo muhutungamiriri nekushanda pamwe nekuremekedza kwemutemo yenyika, Tichisimbisa kuzvipira kwedu mukusimudzira nekuchengetedza kodzero dzevanhu nekusununguka kwavo kwakavakoshera, Tichitenda nekucherechedza huwando hwehupfumi hwezviwanikwa zvedu,

Tichipemberera hudzamu

hwechinyakare chedu netsika dzedu, Tiine kuzvipira kukunda matambudziko ese nezvimhingamupinyi zvese zvingakanganise kubudirira kwedu

Tichikoshesa kusununguka kwedu, kuyenzana kwedu sevanhu, runyararo, kushanda kwemitemo yenyika nekutiringanisa kwayo, hupfumi hwedu nekuda kwatinoita nyika yedu tichiringa nekutsvaga ramangwana rakanijekera nekutinakira isu tose sevana vanyamunhu ,

Tichicherechedza hukuru hwaMwari Samasimba ose, uyo mamaoko ake ramangwana redu ndimo mariri, Tinotora danho kubukidza nezvinyorwa zviri muBumbiro rino rekuzvipira kuvaka nyika yakabatana, inokoshesa mitemo, ine kubudirira, ine nheyo dzekutungamirira kwejekerere, kubudirana pachena, kuyenzana kwevanhu, kusununguka, kusaita tsvete, kurevesa pakurarama, nekuremekedza kukosha kwekushanda nesimba, Naizvozvo, tichitsvaga gwara nerutsigiro kubva kuna Mwari Samasimba, tinogadzira Bumbiro rino nekuzvipira kwariri semutemo mukuru wenyika yedu, unoumba nheyo yemimwe mitemo yenyika yedu yatinodisia.

# NHOROONDO YEBUMBIRO REMUTEMO WENYIKA MUZIMBABWE

Mushure mekunge kwaitika mhirizhonga pakapera sarudzo dzemugore ra2008, mapato ematongerwe enyika muZimbabwe akabvumirana kuti Bumbiro remutemo idzva rainge rakakosha huye rainge rave kudiwa. Nekuda kwaizvozvo dare reParamende rakagadzira Komiti yainge yakanangana nekutungamirira basa rekunyorwa kweBumbiro idzva remutemo irori. Bumbiro remutemo wenyika iri raisazova rekutanga asi, sezvo rekutanga rainge rakaparurwa pakawana nyika kuzvitonga kuzere mugore ra1980. Iro Bumbiro remuna 1980 iri rainge rakabuda kubva muhurukuro nechibvumirano che Lancaster House Agreement, icho chainge chaunza hondo yeChimurenga kumagumo pamwechete nekuva mucherechedzo pasi rose wekuti Zimbabwe yainge yava nyika ine kusununguka kuzere ichitongwa neHurumende yaimiririra ruzhinji rwevanhu. Mukufamba kwenguva zvisinei, Bumbiro remutemora1980 irori rakazenge richigadziriswa nekushandurwa zvainge zvakanyorwamo mumakore aizotevera, paine pfungwa kuvazhinji dzekuti kushandurwa uku kwakange koitirwa kunyatsosimbisa masimba evainge vachitonga. Kushandurwa ikoku kwaiitikawozve pasina izwi nemaonero eruzhinji rweZimbabwe.



Kwakazombovawo nechirongwa chekuedza kugadzira Bumbiro remutemo idzva kubvisa reku Lancaster House riya makore ati fambe kubva nyika yawana kuzvitonga kuzere. Semuenzaniso, mugore ra2000, kwakagadzirwa rimwe gwaro raitarisirwa kuita Bumbiro idzva remutemo kuri kunzi ruzhinji rweZimbabwe rwainge rwarivhotera sekudaro pa referendum. Zvisinei, izvi hazvina kufamba nenzira iyoyo sezvo chikamu chaiita 55% cheruzhinji rweZimbabwe chakavhota chichiramba gwaro iri kuti risave Bumbiro idzva remutemo wenyika, nechikonzero chekuti raipa masimba akawandisa ehutongi kumukuru wenyika.

Mugore ra2007, kwakazogadzirwazve rimwe gwaro raitarisirwa kuita iro Bumbiro idzva wenyika, asi harina kuwana rutsigiro, zvekutoti harina kutozomboona upenu. Rakatoraswa risati ratomboendeswa kuvanhu kuti rinovhoterwa mureferendum. Mushure memhirizhonga yemuna 2008 zvisinei, hwaro hutsva hwakazotorwa pakaitwa hurumende yemubatanidzwa, kukatangwa chirongwa chaisanganisira mapato

ezvematongerwe enyika akasiyana-siyana pamwewo nevaimiririra madzimambo, madzishe nehutongi hwemumaruwa nemudzinharunda, donzvo riri rekuti nyika ichiita Bumbiro idzva remutemo. Chirongwa ichi, chaitungamirirwa neKomiti yedare reParamende yeConstitution Parliamentary Select Committee (COPAC), chakatsvaga mazano nepfungwa dzevanhu munyika yeZimbabwe mese, kusanganisira kubudikidza nemumapato ezvematongerwe enyika, nemumaboka anoita zvebudiriro achishanda akazvimiririra (ema civil society organisations), pakaitwa misangano nevanhu iyo vaipihwa mukana wekupa mafungiro nemaonero avo maringe nezvaifanira kuva muBumbiro idzva remutemo wenyika. Komiti iyi yakaita misangano ingada kusvika iyo zviuru zvishanu 5 000 muma ward ese 1 957 muZimbabwe, huyewo misangano iyi yakaendwa nevanhu vakapfuura ivo 700 000. Misangano yaikokerwa vanhu vese iyi yainge iri chikamu chakakosha zvikuru chehwaro hwekugadzira Bumbiro idzva remutemo wenyika, sezvo tarisiro yaiva yekuti Bumbiro irori raifanira kuve rinotaura nekudonongodza pfungwa, maonero, shuwiyo nezvakakosha kuvana vese venyika yeZimbabwe.

Nyangwezvo zvaitarisirwa kuti Bumbiro idzva remutemo iri raifanira kunge rapera kunyorwa muna Nyamavhuvhu wa2010, kusangana nevanhu pachitsvagwa pfungwa nemaonero avo zvakazotora nguva yakarebesa, zvikazononotsa hurongwa hwainge hwakatarwa pekutanga. Naizvozvo gwaro rekupedzesera rechinyorwa che Bumbiro (final draft) rakazopedzwa muna Ndira wa2013. Gwaro rekupedzesera irori rainge riine Chiga che Kodzero (Declaration of Rights), umo munodomwa, kuchengetedzwa nekukomekedzwa kodzero dzemunhu wese wemuZimbabwe. Nyangwezvo vamwe vanhu vaiona sekuti Bumbiro rainge ranyorwa iri rainge rizere pfungwa nemaonero emapato ezvematongerwe enyika, zvikurusei aive muHurumende yemubatanidzwa,



(CREDIT: UN Women Zimbabwe)

vanhu veZimbabwe pachezvavo vakazowana mukana wekuzvisarudzira vega, sezvo wese aikodzera kuvhota akapihwa mukana wekuvhota mu referendum yakaitwa muna Kurume 2013 yekusarudza kuti vaigamuchira here Bumbiro idzva iri kana kuti kwete. Chikamu chikurusa kwazvo chevose vanhu vakavhota chakati icho Bumbiro idzva iri vairigamuchira, naizvozvo rakabva ragamuchirwa neHurumende nevatungamiriri rikava iro mutemo mukuru wenyika yeZimbabwe, pakavawo netarisiro yekuti imwe mitemo yese yaifanira kuchinyorwa kana kugadziriswa kuti idyidzane neBumbiro idzva irori. Bumbiro remutemo irori rine chinangwa chekuchengetedza nekukomekedza kodzero dzemunhu wese munyika, pamwechetewo nekuva nechokwadi chekuti vanhu muZimbabwe vararama vakasununguka munyika inehutongi hwejechetere.

“ Bumbiro idzva remutemo igwara rakakosha mubudiriro yenyika sezvo richipa tarisiro yekuvandudzwa nekuzadzikiswa kwekodzero dzevanhu... kusingori bedzi kuti pasi rose rakatarisa Zimbabwe kuti zvirokwazvo yayambuka here chidanho ichochi [chekudzika Bumbiro idzva] pazuva rino rakakosha kudai, asi kuti mhomho nemhomho dzevanhu dzinosvika ma mamiriyoni muno muZimbabwe dzinotarisira kuti Bumbiro remutemo idzva irori richaunza hutongi nehutungamiriri hwemhando itsva hunenge huchiremekedza nekuchengetedza kodzero dzevanhu.. ”



- Noel Kututwa,  
muna2013

# **NEIKO BUMBIRO REMUTEMO RA 2013 RAIVA MUCHERECHEDZO WE ‘MWAKA MUTSVA’ MUNYIKA?**

Mumakore ekare kubva Zimbabwe isati yawana kuzvitonga kuzere, mitemo yenyika, kusanganisira Bumbiro remutemo, zvaishandisa kungoti zvinhu zvinakire nekuvandudza vaiva nemasimba nehutongi, izvo zvaiwedzera kudzvanyirirwa kwevaiva vasina masimba, kazhinji kacho dziri mhomho dzevanhu vatema munyika. Zvino Bumbiro remutemo ra2013, rakange riine chinangwa chekushandura zvese izvozvi. Dare guru renyika rinoona nezvekuichengetedza kweBumbiro remutemo re Constitutional Court of Zimbabwe rakajekesa iro muna2020 munyaya yaive pamberi payo inonzi iyo *Chironga and Another v Minister of Justice, Legal and Parliamentary Affairs and Others*, rikati iro, “chimwe chezvinhu zvakakosha chakaunzwa neBumbiro remutemo ra 2013 ndechekutsveta pasi tsika yekungoita setisingaone zvatinosungirwa kana kukomekedza kuita neBumbiro iroro... vashandi veHurumende nevagere mumahofisi anechekuita nekushanda kweHurumende vanozvipinza muna taisireva vakasunama havo kuita sevasirikuona zvavanozungirwa kuita neBumbiro remutemo.”

Bumbiro remutemo ndeimwe yenzira dziripo kubatsira kushandura nyika nehugari hwevanhu muZimbabwe, kuti Hurumende imisikidzwe nekuongororwa pazvitsidzo zvayo zvekushandira kuvandudza nyika nevanhu vese, huyewo kuti hugari hwevanhu munyika hunge hwakayenzaniran, munhu wese achikwanisa kuwana mukana wekurarama upenyu hunogutsa uye hune pundutso.

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: BUMBIRO NDIWO MUTEMO MUKURUSA MUNYIKA**

**Hakuna mutemo, maitiro, tsika kana hunhu hwaani zvake, kusanganisira  
Hurumende nehutungamiriri, zvakafanira kuve zvichipikisana nezviri  
muBumbiro**

“Mwaka mutsva’ munyika yeZimbabwe ndiwo wekuti Hurumende inokwanisa kunan’anidzwa nekuzvireverera kuvanhu vemunyika kuti imire pachokwadi nepakuita zvayakafanira kuita here, huyewo Bumbiro remutemo richiremekedza semutemo mukurusa munyika. Izvi zvakakomekedza munyaya ya *Mawere v Registrar General and Others*, iyo yakaenda pamberi pedare reConstitutional Court of Zimbabwe muna 2015.

Bumbiro remutemo muchikamu 36, rinozi iro munhu wese akazvarirwa muZimbabwe aine mubereki mumwechete zvake chizvarwa cheZimbabwe, kana kuti vabereki vemunhu iyeye vainge vainewo upi zvake mubereki chizvarwa cheZimbabwe kana aive nedzinza rekuZimbabwe, zvinoreva izvo kuti munhu iyeye anoonekwa

sechizvarwa cheZimbabwe pakuberekwa (Zimbabwean citizen by birth). Munyaya yaive pamberi pedare iyi, murume ainzi VaMawere ainge akazvarirwa muZimbabwe muna1960, aine vaberekvi vaivewo zvizvarwa zveZimbabwe. Mukufamba kwenguva, murume uyu akazowana mapepa ekucherechedza sechizvarwa cheSouth Africa (South African citizenship). Zvino paakaedza kuti atore chitupa chake chitsva chekuZimbabwe, nekuti chainge ainacho chainge charasika, akaudzwa iye kuti aifanira kutanga anodzorera nekutsveta zviripamutemo mapepa aainge ainawo aimucherechedza sechizvarwa cheSouth Africa e citizenship aya, pasina izvozvo aisazowana chitupa chemuno muZimbabwe. Zvisinei, sezvo Bumbiro remutemo weZimbabwe richiti iro vanhu vakaita saye, vakazvarirwa muZimbabwe vaine muberekvi mumwe zvake anenge ari chizvarwawo cheZimbabwe vagara zvizvarwa zveZimbabwe pasina kupikisana, dare rakaona patoita mhosho pakumunyima chitupa chitsva ipapa. Dare reConstitutional Court rakabva ratora mukana iwoyo kujekesa kuti hakuna mutemo kana kuita kweHurumende kungavumirwe kuti kupikisane neBumbiro remutemo. Mune iyoyi nyaya zvaireva izvo kuti uyu murume waifanira kungoonekwa sechizvarwa cheZimbabwe pasina kupokana, huyewo ani nani aida kumudzivisa kuwana zvaiva pakodzero dzake sechitupa ichi ainge ototyora mutemo uri muBumbiro. Mutemo upi zvavo muZimbabwe ungaedza kudzivisa vanhu vakaita semurume aive pamberi pedare uyu, VaMawere kuzadzikisa kodzero dzavo sechizvarwa cheZimbabwe wainge usingadyidzane neBumbiro, naizvozvo waifanira kunge usipo.

Zvinoratidza izvo kuti Bumbiro remutemo rinesimba rekutara zvinokwanisa kuitwa neHurumende, huyewozve kudzivisa dare reParamende kubva pakudzika mitemo inopokana nezviri muBumbiro remutemo.

Nyangwe hazvo pakapinda basa guru pakupedzisa nekukwenenzvera Bumbiro ra2013 kusvika kwaro pakuenda ku *referendum* nepakuzoparurwa, hazvaireva izvo kuti haraizofanira kuwana padiki paraizomboshandurwa, kugadzirisa kana kuwana zvaraizowedzerwa zvidiki. Imo chaimo muBumbiro mainge makatonyorwa nzira dzekuti kana paine panofanira kushandurwa kana kubatwa-batwa zvaitoitwa nenzira ipi. Sezvinotsanangurwa nemutemo uyu, izvi zvine maitikiro nematanho akasiyana, kusanganisira kipiwa kwechiziviso chemazuva makumi mapfumbamwe (90 days notice) chinozivisa nyika nezve parikutarisira kushandurwa kana zvirikutarisira kuwedzedzwa zvacho, vanhu vachiwanisawo mukana wekupa pfungwa nemaonero avo maringe nezvekushandurwa kana kuwedzedzwa kunenge kuchida kuitwa muBumbiro ikoku. Mushure meizvozvi, kunozofanira kuti zvikamu zvezamiririri vevanhu zviviri muzvitatu (two-thirds) mudare re Paramende nereSenate zvivhote kuti shanduro iyoyi iitwe here kuBumbiro kana kuti kwete.

# ZVIKO ZVINOWANIKWA MUBUMBIRO REMUTEMO?

Munhu wese, zvisinei nekuti mupfumi sei kana kuti anembiri inosvikepi, anofanira kutevedzera zviri muBumbiro remutemo huye nekuremekedza kodzero dzevamwe. Makanyorwa imo muBumbiro remutemo kuti:

*"Bumbiro remutemo rino ndiwo mutemo mukurusa pane imwe yese munyika yeZimbabwe, naizvozvo pese pangaite mutemo upi zvawo, tsika, maitiro kana hunhu hunopokana naro Bumbiro irori panofanirwa kutoonekwa separi kutyorwa mutemo mukuru wenyika, naizvozvo hapakasafanira kugara pakadaro pasina kutwasanudzwa kana kutoraswa zvachose".*

Rinotiwo zvekare:

*"Zvinokomekedzwa kuitwa muBumbiro rino zvinosunga nekugomedzera munhu wese, angave dungamunhu, ringave boka, kambani kana bazi ripi zvaro reHurumende kusanganisira makurukota nemapazi avanotungamirira, dare reParamende, matare edzimhosva nemapazi anotsigira kushanda zvakakanaka kwematare, huyewo boka ripi zvaro zvisinei kuti rakakura kana kudukupika sei richishanda nekushandira Hurumende".*

Zvinoreva izvo kuti zvese zvinoitika muZimbabwe zvinofanira kunge zviine kudyidzana kana sungawirirano neBumbiro remutemo, huye zvichirewawozve kuti munhu wese, kusanganisira Hurumende, akafanira kuita izvo anosungirwa kuita neBumbiro remutemo.



(CREDIT: SDI Zimbabwe)

Bumbiro remutemo wenyika yeZimbabwe rine zvitsauko gumi nezvisere (18 Chapters). Chimwe nechimwe chinobata zvakasiyana-siyana maringe nehupenyu hwevanhu nezvehutungamiriri hwenyika muno muZimbabwe.

## BUMBIRO REMUTEMO WENYIKA YEZIMBABWE

- Mavambo
- Chitsauko 1 – Zvinyorwa zvinotsanangura nheyo nezvakakosha zvinovaka nyika ino
- Chitsauko 2 – Zvinangwa zvenyika
- Chitsauko 3 – Kuva nekucherechedzwa sechizvarwa chenyika yeZimbabwe
- Chitsauko 4 – Chiga CheKodzero dzevanhu
- Chitsauko 5 – Hurumende ne hutungamiriri hwayo
- Chitsauko 6 – Dare reParamende
- Chitsauko 7 – Sarudzo
- Chitsauko 8 – Vatongi vedzimhosva nematare
- Chitsauko 9 – Nheyo dzemashandiro anenduramo eHurumunde nehtungamiriri hwayo
- Chitsauko 10 – Vashandi veHurumende

- Chitsauko 11 – Mapazi ezvekukengetedzeka kwenyika
- Chitsauko 12 – MaKomishini anoshanda akazvimiririra aine basa rekutsigira hutongi hwegutsaruzhinji
- Chitsauko 13 – Mapoka ezvekudzivirirwa kwe huori nekuparwa kwemhosva
- Chitsauko 14 – Hutongi hwemaProvince nemaKanzuru
- Chitsauko 15 – Vatungamiriri vedu vechinyakare
- Chitsauko 16 – Ivhu neminda yekurima
- Chitsauko 17 – Zvedzimari nezvehupfumi hwenyika
- Chitsauko 18 – Zvinyorwa zvekuwedzera nekutsigira zvitsauko zvinotaura nezveraramo yevanhu nemafambiro akanaka enyika

Sekuona kwamuri kuita kubva pamazita ezcitsauko zviri muBumbiro remutemo, Bumbiro irori rinechekuita huye rinobata pakawanda muupenyu hwatinorarama muno muZimbabwe, kusanganisira kunyatsojekesa ‘Zvinangwa Zvenyika’, izvo zvinowanikwa muchitsauko chepiri muBumbiro. Zvinangwa izvozvi zvakagadzirwa kubatsira munhu wese muZimbabwe kuti ararame “upenyu hune kubudirira, hunofadza nekugutsa” kubudikidza nekuvaka nyika nehugari hwevanhu zvinepundutso nekuenderera mberi mune ramangwana, zvine kusununguka, kurarama zviri pamutemo negutsaruzhinji.”

Zvese zviri muBumbiro remutemo zvakakosha, zvisinei gwaro rino richange richitarisa zviri muChitsauko chechina (Chapter 4), chinova icho Chiga Chekodzero (Declaration of Rights), umo munonyorwa nekurondedzera “Kodzero dzevanhu nekusununguka kwavo” imo munyika muno muZimbabwe. Kana muchida kuverenga zvime zvezvitsauko zviri muBumbiro, munokwanisa kuzviwana mugwaro reBumbiro remutemo rizere, pangava padandemutande remasai-sai (pa Internet) kana muchinyorwa chaicho cheBumbiro chizere.

# **KUPATSANURWA KWEMASIMBA EHUTONGI NEMAPAZI MATATU EHURUMENDE**

Bumbiro remutemo weZimbabwe rinocherechedza kuti nyika dzinowanzoita dambudziko kana munhu mumwechete kana bazi ripi zvaro rehutongi rikava nemasimba akawandisa. Zvirinyore kuti vanhu varimuzvinzvimbo zvinemasimba akawandisa vaashandise zvisina nduramo masimba iwaya, huyewo nekumbunyikidza kodzero dzevamwe pahutongi hwavo hwavanenge vachiita nyika. Mutungamiriri kana bazi rehutongi rikaita masimba akawandisa, hazvizi nyore kuti pazowanikwe angakwanisa kumisa kana kutapudza kushandisa kwemasimba iwaya zvisina nduramo. Zvino imwe yenzira iyo Bumbiro remutemo rinodzivirira kushandisa kwemasimba zvisina nduramo nevatungamiriri kana neHurumende kupatsanura masimba iwaya kumapazi akasiyana ehutongi munyika. Bazi rimwe nerimwe rehutongi rinezenge richishandisa masimba arinopihwa nemutemo wenyika zvichienderana nematarirwo emashandiro aro pamwewo nekudyidzana kwaro nemamwe mapazi. Kune mapazi matatu akasiyana ehutongi munyika :



Dare rekugadzirwa nekudzikwa kwemitemo (**Legislature**), iro rakanyorwa muChitsauko 6 muBumbiro, rinoばtanidza matare maviri eSenate neHouse of Assembly. Ndiro dare rinogadzira nekudzika mitemo huyewo nekuongorora mashandiro eHurumende kuti anenduramo here.

Bazi rematare ekutongwa kwedzimhosva (Judiciary), iro rakanyorwa muChitsauko 8 muBumbiro, rinosanganisira matare edzimhosva, vatongi vematare makuru majudge, pamwewo nema magistrate. Basa ravo nderekuvheneka zvine hunyanzvi pakududzira zvinorehwa nemitemo yenyika huye kupa mitongo inoenderana nezviri mumitemo yenyika.

Bazi rehutungamiriri hweHurumende (Executive), iro rakanyorwa muChitsauko 5 muBumbiro, ndiro rinowanikwa makurukotota ehurumende ese nemutungamiriri wenyika. Ndiro bazi rinoshandisa nekuita zvrongwa zvinozadzikisa mitemo nezviga zvenyika, huyewo kuona kuti mitemo iyoyi yatevedzerwa.

Rimwe nerimwe remapazi matatu eHurumende iwaya rinofanirwa kushanda rakazvamiririra, huye ese akangokosha zvakafanana. Anofanira kushanda achitarisana kuti arikubata basa zvakanaka here, zvichireva izvo kuti hapana rimwe remapazi aya rinofanira kungoita zvarada. Izvi zvinobatsira izvo kuti pasashandisa masimba zvisina mwero nerimwe remapazi iwaya. Kupatsanurwa kwemasimba uku kwakakoshawo pakuchengetedza kwekodzero dzevanhu. Sezvatichaona mumienzaniso, kune zvikonzero zvazvakakoshera, zvikurusei kuti vari pazvigaro zvekutonga vave vanonan'anidzwa pamatongere avo huye vave vanozvireverera pakushandisa kwavanenge vachiita masimba avainawo kunemamwe mapazi ehutongi.

## **MUENZANISO WENYAYA YAKAPINDA MUMATARE:KUPATSANURWA KWEMASIMBA KUNOBATSIRA KUDZIVISA KUSHANDISWA KWEMASIMBA ZVISINA MWERO**

### **Kupatsanurwa kwemasimba kunobatsira kuti Hurumende ishande nenzira dzinotenderwa neBumbiro remutemo**

Mugore ra2016, VaSaunyama, vaive mukuru kumapurisa vaise vakamirira Harare Central Police District, vakadzivisa kuratidzira kwaida kuitwa nevanhu vaiva nezvichemo zvavo kuHurumende muguta reHarare. VaSaunyama vaise vakwanisa kuita izvi nekuda kwechitsauko 27 mumutemo we Public Order and Security Act (POSA), umo maitenderwa vashandi vehurumende vanezvigaro kana nyembe dzakatarwa kuti vadzivise kuratidzira kwevanhu vaise vaine zvinyunyuto zvavo zvavaida kuti zvinzwikwe nevakuru veHurumende kubudikidza nekuratidzira ikoku. Mutemo iwoyu waipawozve masimba ekuti nyakudzivisa kuratidzira uyu aigonazve kuramba achipamha nguva yekungodzivisa nekuvhara mukana wekuratidzira kumapoka aainge amborambidza iwaya, nezvikonzero zvaingoona sezvinechekuita nekuchengetedza kwerunyararo munyika. Sezvineiwo, Chitsauko 27 ichochi chemuPOSA chakanopikisa pamberi pedare reConstitutional Court muna2018, munaya yainzi iyo *Democratic Assembly for Restoration and Empowerment and Others v Saunyama and Others*.

Dare guru reConstitutional Court rakanonga iro kuti kodzero yekuratidzira maringe nezvinyunyuto ndeimwe yekodzero dzaifanira kuwanikwa dzichishanda munyika dzineutongi hwegutsaruzhinji. Kodzero iyoyi yakakosha sezvo ichichengetedza mukana wekuti vanhu vakwanise kubuditsa kunyunyuta kwavo nepfungwa dzavo pachena kuvatungamiriri. Zvisinei hazvo, kodzero dzinokwanisa kupihwa muganhu kana kutapudza, kusanganisira iyoyi kodzero yekuratidzira. Asiwo kutapudza ikoku kunofanirwa kuitwa panatsoongororwa kuti zvakakosha here uye zvakakosherei kutapudza kodzero ipi neipi zvayo. Zvino mune iyoyi nyaya,

Chitsuko 27 che POSA chakaonekwa sechipa masimba akawandisa kuHurumende pakutapudza kodzero iyoyi kusvika painodira, pedzezvo kwenguva imwe futi yakareba sezvayaisarudza. Izvi zvakaonekwa sezvaisawirirana neBumbiro remutemo. Naizvozvo zvaireva kuti mutemo uyu waifanira kushandurwa, huye masimba eHurumende kubudikidza nemutemo iwoyu aifanira kutapudza iwo pachawo. Dare reConstitutional Court rakabva rapa dare reParamende mwedzi mitanhantu (6 months) kunogadzirisa mutemo iwoyu kuti udzoke wodyidzana neBumbiro, izvo zvaizokomekedza mutemo uyu kuchengetedza kodzero yekuratidzira iyoyi. Muenzaniso weimwe yenzira yekugadzirisa mutemo iwoyu kwaiva kuisa chinyorwa chaiti icho kana vanhu vambodziviswa kuratidzira, pasarambe pachiwedzerwa nguva yekuvadzivisa patsva zvekare. Dare reConstitutional Court rakatendera dare reParamende mukana wekusarudza mhando yegadziriso/shanduro kumutemo iwoyu sezvaraiona zvakakodzera.

Iyoyi nyaya inoratidza mukana nenguva dzinodyidzana matare edzimhosva nedare reParamende pakududzirwa nepakugadziriswa kwemitemo muno munyika yeZimbabwe. Matare edzimhosva pachawo anoona iwo kuti Bumbiro remutemo rateedzerwa namazvo, huyewo nekupa gwara kune vanodzika mitemo - vedare reParamende - kuti ndezvipi zvirimumitemo yenyika zvinopokana neBumbiro remutemo. Munenyaya iyo ino, dare reConstitutional Court rakatora hanya kuti risaiite iro basa rekugadzirisa kana kushandura mutemo waive nemhosho uyu pacharo, asi rakapa dare reParamende mukana wekuita basa raro mumwedzi mitanhatu, mushure mekunge paizotarisirwa kuti mutemo iwoyu wePOSA ushandurwe nekugadziriswa kusvika wodyidzana neBumbiro remutemo.



(CREDIT: Swathi Sridharan)

# **MARONGERWE AKAITWA MATARE EDZIMHOSVA MUZIMBABWE**

Vatongi vedzimhosva vanebara guru kwazvo mukuchenetedza kwekodzero dzevanhu muZimbabwe. Ivo vatongi vanosungirwa kuti vaenzanise nekuringanisa vanhu pamutemo apo pavanotonga nyaya mumatare avo, nekuona kuti ani nani anoda rubatsiro rwematare edzimhosva aruwana munyika yese. Munhu wese anokodzera kuti nyaya yake inzwike nemutongi uyo anofanira kunge akazvipira kunzwa iyoyi nyaya yapinda mudare rake pasina divi raakarerekera huye achishandisa mutemo pakutonga zvakaringanira munhu wese.

Kune mhando shanu dzematare muZimbabwe. Rimwe nerimwe dare redzimhosva rine basa rakasiyana rarinoita mukupa vanhu nenyika rubatsiro rwemitongo nemirayiro inobva kumatare. Pachitariswa basa rawo ese matare iwaya, chishuwo chawo ndecekuti munhu wese ane daka kana kupokana nani zvake awane rubatsiro pakuringaniswa pamutemo nematare nekukurumidza huye zvisina tsvete.



(CREDIT: ICJ Zimbabwe)

## Matare atiinawo ndooanotevera:

- Matare emitemo yedu yechinyakare (**Customary Law Courts**) matare anenge achitungamirirwa zvingada naShe kana Sadunhu, avo vanopirwa nyaya dzinenge dzaunzwa kuzotongwa mumatare avo dziine chekuita nekushandisa kwemitemo yedu yakabva mutsika, magariro nemuchinyakare chedu muno muZimbabwe (customary law).
- **Matare emaMagistrates' Courts** ndiwo anonyanya kupirwa nyaya zhinji dzinoda rubatsiro rwematare edzimhosva muno munyika, dzingave dziri nyaya dzezvekuparwa kwemhosva dzekutyorwa kwemitemo yenyika (criminal cases) kana kuti dzekukanganisirana nekusawirirana kwevanhu muhugarisani nemukushandidzana (civil cases). Matare ema Magistrates courts anopirwawozve nyaya dzevanenge vasina kugutsikana nekutongwa kunenge kwabva kumatare emitemo yedu yechinyakare. Parizvino munyika yeZimbabwe mune matare emaMagistrates' Courts anoita iwo 56, ayo akatekeshera mativi mana enyika. Panewo muganhu wenyaya kana mhosva idzo dare reMagistrates' Court rinokwanisa kupirwa, zvichida pakaita kupokana pakati pevanhu nenyaya yemari zhinji-zhinji kana kuti paparwa mhosva hurusa, dare reMagistrates' Court rinogona kuita dete panyaya dzacho zvoda matare epamusoro.
- **Dare re High Court of Zimbabwe** rinogona kupirwa nekunzwa angava ma civil kana ma criminal cases, pamwechetewo nenyaya dzinenge dzakwidzwa makata kubudikidza nekunyunya (appeal) kune vanenge vasina kugutsikana nemutongo unenge wapihwa kuMagistrate's Court. Dare re High Court rine matare anogarwa mu Harare, Bulawayo, Masvingo nekwa Mutare, mumaguta iwaya High Court itori nezvivakwa zvematare nema judge anemahofisi anotoshandira ikoko nguva dzose. Kunzvimbio dzakaita seGweru ne Hwange dare reHigh Court rinoenda kunogara nekupirwa nyaya katatu pagore.
- **Dare reSupreme Court** ndiro dare gurusa rinonzwa nekupirwa nyaya dicienge dzakwidzwa makata dzema appeal angave enyaya dzipi hadzo munyika yeZimbabwe, kunze kwenyaya dzine chekuita nezveBumbiro remutemo (idzo dzinofanira kunopirwa nekunzwikwa kudare reConstitutional Court). Kana munhu asina kufara nemutongo waanenge apihwa kudare reHigh Court, anokwanisa kunoisa appeal yake kudare reSupreme Court.
- **Dare reConstitutional Court** ndiro dare gurusa renyaya dzese dzinechekuita nezveBumbiro remutemo munyika, kusanganisira kutsanangurwa kwezvitsauko, zvikamu kana zvipi hazvo zvakanyorwa muBumbiro, huyewozve nekuvhenekwa kwekuti zvaunzwa pamberi peiri dare zvinechekuita neBumbiro here kana kuti kwete. Dare reConstitutional Court ndiro rega rinokwanisa kupirwa nekupa mutongo maringe nezvekusarudzwa kwemukuru wenyika (president) kana mutevedzeri wake. Zvatongwa nedare irori zvinenge zvitori zvekupedzesera paipi zvayo nyaya inenge ichitongwa huye hazvikwanisi kushandurwa kana kuwana kumwe kwazvinono nyunyutwa.

# Matare atiinawo ndooanotevera:

## Matare eSupreme Court

Matare eSupreme Court neConstitutional Court ndiro matare makurusa munyika, asi achishanda nyaya dzemutemo dzakasiyana.

Nyaya zhinji, kupokana kana mhosva zhinji zvinowanzonzwikwa mumatare kekutanga kuma Magistrates' Courts. Aya matare anowanzova nyore kunopira nyaya huye zvisingadhurewo zvikuru. Dzimwewo nyaya dzinongotangirawo hadzo kudare reHigh Court zvisinei.

## Dare reConstitutional Court

Dare reConstitutional Court ndiro dare gurusa pane zvekuita nenyaya dzebumbiro remutemo.

Dare reSupreme Court ndiro dare gurusa panyaya dzipi hadzo munyika dzisingabate zvebumbiro remutemo.

## Dare reHigh Court

## Matare emaMagistrates' Courts

Nyaya ikanzwika nekutongwa mudare reMagistrates' Court, inokwanisa kukwidzwa makata kunoitwa appeal kudare reHigh Court.

Nyaya ikapirwa nekutongwa mudare reHigh Court, inokwanisa kukwidzwa makata kunoitwa appeal kudare reSupreme Court kana kuti kuConstitutional Court zvirikunzi nyaya yacho inosimudza chekuita nezviri muBumbiro.

## Matare emaCustomary Law Courts

Matare emitemo yechinyakare chedu emaCustomary Law Courts matare anowanika mudzinharaunda dzigere vanhu huye achishanda nyaya dzetsika nemagariro evanhu.



# KODZERO CHIICO HUYE DZINOREVEI KWAURI?

Kodzero dzemunhu wese dzinokosheswa zvikuru muBumbiro remutemo weZimbabwe. Kodzero idzodzi zhinji dzacho dzinowanikwa muChiga CheKodzero (Declaration of Rights), muChitsauko (Chapter) 4 muBumbiro remutemo irori.

## Chii chinonzi kodzero?

Kodzero chinhu chinotenderwa munhu kuva, kuita kana kunge chirichake pamutemo - chinhu icho munhu unokwanisa kudoma sechake kana kukomekedza kuti upihwe sezvo chinenge chiri chake pamutemo. Kodzero dzevanhu imhando yekodzero inosiyana nedzakawanda. Ikodzero dzekuti munhu wese anadzo, nekuda kwekungoti munhu bedzi. Kodzero yemunhu inogona kusanganisira kuva munhu akasununguka kubva mukupindirirwa kana kukanganisirwa upenyu hwake sedungamunhu neHurumende - semuenzaniso, kukomekedza Hurumende kuti isakanganise munhu nekuda kuziva zvaanotaura padzhinhare kana kuita muchivande, kana kuti isabuditse pachena zvinyorwa zvinechekuita nezveupenyu hwemunhu zvinowanzochengeteka kana kuchengetwa neiyoyi Hurumende zvakavanzika zvisina veruzhinji vanoona - kanawo muenzaniso wekukomekedza Hurumende kuita zvayakafanira kuitira vagari vemunyika, sekuisa mari dzekutenga mishonga muzvipatara zvinorapa mhomho yevantu.



(CREDIT: KB Mpofu / ILO)

## MUENZANISO

Kodzero inogona kuva chinhu chinosungirwa nyika kuitira vanhu:

“Ndinekodzero yekunzwira nyaya yangu kana kumira pamberi pedare nyaya yangu ichizwikwawo nemazvo zvisina tsvete”

Kana munhu aine kodzero yekumira pamberi pematare nyaya yake ichitongwa namazvo zvisina tsvete, zvinosungira izvo Hurumende kuti pave nezvese zvinodikanwa kuti nyaya iyoyo itongwe zviripajekerere zvisina tsvete, kusanganisira kodzero yekuonekwa munhu seusina mhosva kusvika wabatwa nayo huye mutongo wapihwa nedare, kodzero yekunyarara nekusapindura mibvunzo kune vasungwa kana varikupomerwa mhosva, kodzero yekuti nyaya irimudare inzvikewo nekutongwa nenguva inotaurika pasina chinono chakanyanya, nekodzero yekumiririrwa negweta, pamusoro pezvimwe zvihinji zvinoenderana nekodzero iyoyi. Hurumende yakafanira kuona kuti zvese zvingadiwa pakuti nyaya ipinde nekutongwa zvakaringana zvisina tsvete zviripo kunaani zvake anogona kunomira pamberi pematare.

Kana kuti kodzero inogona kugomedzera kuti Hurumende iregere kuita zvimwe zvinhu:

“Ndine kodzero yekusashungurudza, kusarohwa nekusakuvadza nevanoshanda mune zvekuhengetedza nyika”

Vashandi veHurumende havasakafanira kushungurudza, kurova kana kukuvadza ani nani zvake munhu munyika huyewo hakufanire kuva nani zvake munhu anoita zvimechetezvo kunevamwe vana nevagari vemunyika yeZimbabwe.



(CREDIT: KB Mpofu / ILO)

Kubudikidza nekuchengetedza kodzero dzevanhu muBumbiro remutemo, Hurumende inoratidza kuzvipira kwayo kuvanhу vayo huye kuratidza kusimudzira hutongi gutsaruzhinji, hutongi hwejchetere pamwechete nekuva mucherechedzo wekuvimbika nekushandira vanhu zviri pajekerere zvisina mibvunzo. Kuchengetedza kwekodzero dzevanhu kunoitawo kuti vanhu muhugarisani hwavo mudzinharunda vakwanise kuzvidzivirirawo kubva mukutyorerwa kodzero nevamwe vanhu. Munhu wese muZimbabwe anekodzero dzakanyorwa nekusimbaradzwa muBumbiro remutemo. Munhu wese anewo zvaanosungirwa kuita maringe nezvekodzero, kusanganisira kuremekedza kodzero dzevamwe, uyewo kuchengetedza zviga zvemutemo zvinokosheswa muBumbiro mumararamiro avo emazuva ese.

## Kusapatsanurika kwekodzero

Munekodzero dzakasiyana dzinodomwa nekutsanangurwa muChiga CheKodzero (Declaration of Rights), kusanganisira, kodzero yekurarama nekodzero yekusununguka pakutura nepakuita munhu zvaanoda zviripamutemo. Hakuna imwe yekodzero idzodzi yakakosha kupfuura dzimwe. Kodzero imwe neimwe yakazvikoshera kuti vanhu vakwanise kurarama upenyu hunoremekedzeka hunewo hunhu - naizvozvo kodzero dzese dzakakosha.


Kodzero dzinodyidzana kuita hoche-koche. Dzinofambidzana mukuzadzikiswa kwadzo, zvikasadaro dzingatotadza kuzadzikiswa zvizere zvachose. Kodzero dziri muChiga CheKodzero (Declaration of Rights) dzakanyorwa kuti pave nechiyero chepekutangira kuti munhu wese muZimbabwe anzi anorarama upenyu hune hunhu nechiremerera, pamwewo nekusununguka kuita zvinomupa kurarama upenyu hunogutsa, huine pundutso neramangwana rakajeka.



(CREDIT: UN Photo)

## Panombopihwa muganhu kukodzero

Nyangwezvo kodzero dziri muChiga CheKodzero dzakakosha dzese, panewo dzimwe nguva apo dzimwe kodzero dzinofanira kupihwa miganhu pakuzadzikiswa kwadzo. Pazvinonoitika izvi, chikamu chemakumi masere netanhatu (Section 86) muBumbiro remutemo chinonyatsojekesa kuti pane zvinofanira kutanga zvaongororwa kana kufungwa nevazvo. Izvi zvinosanganisira kuti panopihwa muganhu pakodzero ipapa, muganhu wacho unofanira kunge uine mwero, usingazonyanye kukamura kodzero yacho, uchingoguma pakakoshera kukamura kwacho ikoku huye kuita kwakadai, "kuchitaurika nekunzwisisika huye kuchigamuchirika munyika inehutongi hwegutsaruzhinji".



Pachikamu chemakumi masere netanhatu (Section 86) muBumbiro remutemo tinoudzwa maonero atingaite kuti muganhu wapihwa kodzero unemwero here kana kuti kwete. Panosungirwa ipo kuti munhu anenge aine simba rekuisa muganhu pakodzero atarise kuti imhando ipi yekodzero inoda kupihwa muganhu iyoyi, huye kuti chikonzero chaita kodzero iyi ipihwe muganhu chingava chei, pamwewo nekuti zvakakosherei kuti kodzero iyoyi ipihwe muganhu. Panodawo kuongororwawozve zvirikutarisirwa kuzadzikiswa nekupa muganhu iwoyu kukodzero yacho. Bumbiro remutemo rinotendera kuganhurwa kwekodzero kana zviine chekuita nekuchengetedza kwenyika kubva kumhandu, kudzivirirwa kwemhomho yeZimbabwe kubva kutsaona, njodzi, mhirizhonga nekusagadzikana kwezvinhu munyika, kuchengetedza kweutano hwevanhu munyika nezvimwewo zvakadaro. Zvakakoshawozve kuongorora kuti hapana imwe nzira irinani here ingakwanisa kuti chinangwa chinoda kuzadzikiswa chizadzikiswe pasina zvekupa kodzero muganhu izvi, kana kutsvaga nzira inongokamura kodzero zvishomanene.

Zvisinei pane kodzero dzisingakwanisi kupihwa muganhu kana kukamurwa nyangwe zvidini. Idzi kodzero dzinosanganisira kodzero yeupenyu (pane chikamu mugwaro rino chichatsanangura panotenderwa neBumbiro kuti munhu apihwe mutongo werufu mumatare), kodzero yekubatwa semunhu zvinechiremerera, kodzero yekusaitirwa utsinye, kusakuvadzwa zvakaipisia nekurohwa kwekurangwa kana kufeyewa nyaya, kodzero yekusabatwa sechipuka chesango chisina chiremerera, kodzero yekusabatwa senhapwa kana muranda huyewo kodzero yekunoringaniswa nemutemo pamberi pematare zvisina tsvete. Gwaro rino richatura nezvekodzero idzodzi, nedzimwe dzirimuChiga CheKodzero (Declaration of Rights).

## MUENZANISO WENYAYA DZAKAPINDA MUMATARE: KODZERO NGADZIPIHWE MUGANHU PAZVINENGE ZVAKANYANYISA KUFANIRA HUYEWO KUKAMURA KWACHO NGAKUVE KUDUKUSA

**Munhu wese akafanira kuva nekodzero dzese, nyangwezvo dzimwe dzacho  
dziine panogona kuda kupihwa muganhu kana kukamurwa**

Munyaya yakaenda pamberi pematare inonzi *Democratic Assembly for Restoration and Empowerment and Others v Saunyama and Others*, iyo tambokurukura nezvayo, mutemo wePublic Order and Security Act (POSA) waiva mutemo wainge uine chikamu chaitendera kuti vanenyembe dzakatarwa mumapazi eHurumende ezvekuchengetedzeka kwenyika vaikwanisa kurambidza kuratidzira kwevanhu kwemwedzi wese, huyewo kurambidza ikoku kwaigona kurebeswa nekuwedzerwa hurefu kakawanda. Vakaunza nyaya iyi kumatare vaiti ivo chikamu chemakumi maviri nemomwe (Section 27) mumutemo iwoyu chaibvumira kuti zvakadai zviitike chaipa muganhu usina mwero kukodzero yekuratidzira kwevanhu.

Dare reConstitutional Court rakati iro kodzero yekuratidzira iyi yainge yakakosha zvikurusa sezvo yaipa vanhu mukana wekubuditsa pachena kunyunyuta kana kusafara kwavo, zvichiana mukana wekupinda munzeve dzevatungamiriri. Zvisinei, nyangwezvo yaive kodzero yakakosha, yaikwanisa kupihwa muganhu mukuzadzikiswa kwayo. Asi izvi zvaingofanira kuitwa zvinemwero, zviinewo matauriro huyewo zvikonzero zvacho zvichinzwisisika, zvisina hudzvanyiriri mukati kana kuti zvichigamushirika munyika ine hutongi hwejchetere.

Mune iyoyi nyaya, chikamu chemakumi maviri nemomwe (section 27) mumutemo wePOSA yakaonekwa seyaitobvisa kodzero yekuratidzira zvachose sezvo vaikwanisa kudzivisa kuratidzira uku vaigona kuramba vachingorebesa nguva yekudzivisa iyoyi kakawanda, zvichida kana nekasingatoperi chaiko. Muganhu uyu pakodzero iyoyi wainge wakanyanyisa naizvozvo, huye wainge usisina mwero mukati, usingachanzwisisike kana kugamuchirika munyika ine hutongi hwejchetere. Zvaireva izvo kuti section 27 iyoyi yaive isingadyidzane zvakanaka neBumbiro remutemo. Naizvozvo mutemo mutsva waidikanwa, uyo waizoderedza simba reHurumende rekukamura kodzero yekuratidzira. Izvi zvinoratidza kuti kudai mukana wekuisa muganhu pakodzero waingavepo, paifanira kunge paine chikonzero chikuru chakakosha chekuita saizvozvo, huyewo kuiswa kwemiganhu iyoyi pakodzero kuchifanira kunge kwakanyorwa kana kutarwa zvinemwero kuti pave nesungawirirano neBumbiro remutemo.

Denda re COVID-19 rakanatiratidza mienzaniso yepanokwanisa kuiswa miganhu pakodzero nekuda kwekuchengetedza utano hwevazhinji munyika. Sepaya pakatekeshera COVID-19, vanhu vainge vasingachabvumidzwe kuungana kana kungofamba madiro nekuda kwekudzivirira kupararira kwedenda irori. Pakasvikawo nguva yekuti vanhu vairambidzwa kuita makungano anopfuura vanhu zana (100). Sezvatambokurukura, panopihwa kodzero muganhu saizvozvi, panofanira kunyatsotsanangurwa kuti zvakakosherei, huye kuti zvinemwero kana matauriro here, pamwechetewo nekuti kukamura kwacho kwekodzero kurikungosvika pakafanira kusvikwa bedzi here kuzadzikisa chinangwa chekukamura ikoku kwete kudarikidza.



(CREDIT: KB Mpofu / ILO)

# **CHIGA CHEKODZERO (DECLARATION OF RIGHTS)**

Chiga cheKodzero (Declaration of Rights) chinotiuza nezvekodzero idzo munhu wese muZimbabwe anadzo, pamwewo nekuti vanhu vangaita sei kukomekedza kuzadzikiswa kwekodzero dzavo idzodzi, pamwechetewo nekutsanangura nguva idzo Hurumende inokwanisa kuisa miganhu kudzimwe kodzero. Nekuti munhu wese munyika anosungwa ne Chiga cheKodzero, kusanganisira Hurumende, zvinoreva izvo kuti kodzero idzodzi dzinochenetedza vanhu vese kubva mukutyorerwa kodzero dzavo, zvingada nevamwe vanhu kana naiyo Hurumende pachayo.

## **Zimbabwe inochengetedzereiko kodzero dzevanhu?**

Pakanyorwa nheyo nezvinangwa zvinovaka nyika mu Chikamu chetatu (Section 3) muBumbiro remutemo, munowanikwa imo zvinyorwa zvinoti "kodzero dzevanhu dzakakosha nekusununguka kwavo kwakadzama", "cherechedzo yekukosha nekuva nechiremera kwemunhu nekuda kwekungova munhu bedzi", "cherechedzo yekuenzana kwevanhu vese pakusikwa" pamwechetewo ne "kuenzana kwevanhu vese zvisinei kuti vanhukadzi here kana kuti vanhurume". Zvinyorwa Izvi zvakakosha huye chitori chivimbiso kumunhu wese munyika yeZimbabwe chekuti munhu wese akafanira kubatwa nenzira inoremekedzeka huye inosimudzira zvinangwa zvinovaka nyika izvozvi.

Kubudikidza nekusimudzira kodzero dzevanhu, Bumbiro remutemo neChiga cheKodzero zvinobatsira kuchengetedza chiremerera nehunhu hwevanhu, pamwechetewo nekudzivirira kodzero dzavo dzekuenzanisa pamutemo, huyewo kubatwa zvisina rusarura. Chinzhimbo chakakosha chinopihwa zvinhu izvi muBumbiro remutemo, kusanganisirawo kutovapo kwechikamu cheChiga cheKodzero muBumbiro irori zvinoratidza kuzvipira kwenyika yeZimbabwe nechido chekuvandudza vanhu vayo.

## **Ikodzero dzipi dzinowanikwa muChiga cheKodzero?**

Pane kodzero dzineuwandu dzakanyorwa muChiga cheKodzero, dzese dzirimo kuitira kuva nechokwadi chekuti munhu wese muZimbabwe achenegetedzerwa hunhu nechiremerera chake huye apihwawo chinzhimbo chake semunhu. Dzimwe kodzero dzinoda kuti Hurumende itore matanho nekubatsira vanhu pakudzizadzikisa, nerimwo divi dzimwe dzichida kuti Hurumende isapindire muupenyu hwevanhu nekuvatyorera kodzero dzavo.

Muno mugwaro rino tinongopa chidimbu chetsanagudzo pane zvirimuChiga CheKodzero (Declaration of Rights). Muchida kunyatsoverenga kodzero idzodzi zvizere semanyorerwe adzakaitwa muBumbiro remutemo, munokwanisa kutarisa mu Bumbiro remutemo kana muChikamu chechina - Chiga CheKodzero (Chapter 4) padandemutande re internet kana muchinyorwa chacho mbune chakaita zvekudhindwa.

# **CHIGA CHEKODZERO (DECLARATION OF RIGHTS) MUCHIDIMBU**

48 – Kodzero yeupenyu kana yekurarama  
49 – Kodzero yekuva munhu akasununguka  
50 – Kodzero dzevasungwa nevakavharirwa mumajeri  
51 – Kodzero yekubatwa semunhu  
52 – Kodzero yekuva munhu akachengetedzeka kubva kune zvingakuvadze kana kutora upenyu  
53 – Kusununguka kubva mukushungurudzwa, kukuvadzwa zvakaipisia, kubatwa seusiri munhu kana kudzvanyirirwa nekumbunyikidzwa zvinobvisa chiremerera chekunzi munhu  
54 – Kusununguka kubva muhutapwa kana mukushandiswa semuranda  
55 – Kusununguka kubva pakushandiswa basa zvekumanikidzwa nekugombedzerwa

56 – Kuyenzanisa sevanhu vakasikwa zvakafanana nekusavapo kwerusarura  
57 – Kodzero yekurarama muchinyararire zvakavanzika pasina anongopindira nekuda kuziva zveupenyu hwemunhu  
58 – Kusununguka kwemunhu pakuwadzana nekfambidzana nevamwe vanhu kana mapoka aanoda.  
59 – Kusununguka kuratidzira, kunyorera nekupira vatungamiriri magwaro ekunyunyuta pane zvinenge zvisina kufadza vanhu  
60 – Kusununguka pane zvechitendero nezvekuwandudzwa kwezvepamweya  
61 – Kusununguka kwemunhu pakutura, kupa maonero ake, nekusununguka kwevanoita basa rekutapa, kufambisa nekukushwa kwemashoko nhau  
62 – Kuwanikwa kwemashoko, zivo, nhau

nhau nezvinyorwa zvakakoshera munhu  
63 – Mitauro, tsika nemagariro evanh  
64 – Kusununguka pakushanda basa kana bhindauko ripi zvaro munhu anenge afunga kushanda mariri  
65 – Kodzero dzevashandi  
66 – Kusununguka kugara/kuita musha, kufamba nekuenda uko munhu anenge ada  
67 – Kodzero dzezvematongerwe enyika  
68 – Kodzero yekubatwa zvinekuringanisa pamutemo, zvakaenzana, zvisina tsvete uye zvinenduramo nemapazi eHurumende  
69 – Kodzero yekunzwirwa nyaya kumatare edzimhosva zvisina tsvete kana rusarura  
70 – Kodzero dzevarikupomerwa mhosva  
71 – Kodzero yekuva mwene, dzekuva

73 – Kodzero yekuchengetedza kwenharaunda, nyika nezviwanikwa zvayo  
74 – Kusununguka kubva pakungobviswa kana kupfochoreswa munhu paagere/paakavaka  
75 – Kodzero yekuwana dzidzo  
76 – Kodzero yekuwana rubatsiro rweutano  
77 – Kodzero yekuwana kudya kwakaringana nemvura  
78 – Kodzero dzewanano

Kunewo kumwe kudzivirirwa  
kwakasarudzika kumamwe mapoka  
evanhu kwakadomwawo muChiga  
**CheKodzero:**

- 80 – Kodzero dzevanhukadzi
- 81 – Kodzero dzevana
- 82 – Kodzero dzevakwegura
- 83 – Kodzero dzevanhu vakaremara
- 84 – Kodzero dzevarwi vehondo  
yerusununguko



# CHIGA CHEKODZERO : MUCHIDIMBU

Nhamba imwe neimwe iri pasi apa inoenderana nechikamu chiri muBumbiro remutemo. Chiga CheKodzero chine zvikamu zvishanu, chimwe nechimwe chiinewo zvitsauko zvakati kuti.

## CHIKAMU CHEREPI

### KODZERO NEKUSUNUNGUKA KWEVANHU KWAKAKOSHA

48 – **Upenyu/Kurarama** – Munhu wese anekodzero yeupenyu/kurarama, kunze kwekunge atongerwa rufu mumatare edzimhosva. Mutongo werufu iwoyu haukwanise kupihwa kunaani zvake akapara mhosva inemutongo iwoyu aine makore aripasi pemakumi maviri nerimwe (21) kana kunaani zvake anemakore anopfuura makumi manomwe (70), kana kumunhukadzi. Kubvisa pamuviri kune pakunotenderwa asi zvichinge zvichienderana nemutemo.

49 – **Kusununguka kuzere kwemunhu** – Munhu wese anekodzero yekusununguka. Izvi zvinosanganisira kudzivirira vanhu kubva mukuvharirwa mujere kana muchitokisi nguva refu vasina konomiswa nekutongwa pamberi pematare, kana kungozarirwa kwavo zvisina chikonzero chinemwero. Hakuna munhu akafanira kuvharirwa mujere nekuda kwekukundikana kuzadzikisa chibvumirano chezvekutsvaga chouviri, chemabasa kana kuzama noto (contract) icho anenge apinda machiri.

50 – **Kodzero dzevasungwa** – Kana munhu akasungwa nemapurisa, anofanira kuudzwa chikonzero chaasungirwa, achigofanira kutenderwa kuchaira angava mudzimai kana murume wake foni, hama yake kana gweta rake kana ani zvake waanoda achimuudza zvaitika. Akakodzerawozve kupihwa mukana wekutura negweta rake vari pavo vega, kana kuti kuonekwa nachiremba waanobhadhara ega, kurikunzi ndizvo zvaasarudza. Munhu achangosungwa anofanira kubva atongoudzwa kuti anekodzero idzodzi. Mushure mekunge munhu asungwa nemapurisa anofanira kuziviswa kuti anekodzero yekuvhara muromo wake kusataura chinhu, huyewo nekodzero yekumiswa pamberi pedare redzimhosva mukati mema awa makumi mana nemasere (48 hours) abva kusungwa, kana kuti nekukurumidza muchinguva achangobva kusungwa. Munhu wese anekodzero yekupikisana nekuzarirwa muchitokisi kana mujere pamberi pematare. Kurikunzi munhu haasati abatwa nemhosva nematare, anekodzero yekusunungurwa kusvika panonzwikwa nyaya yake kana kutongwa kwake mumatare, zvichienderana nemirairo kana zviga zvinoona kuti anouya kudare kuzotongerwa nyaya yake zvirokwazvo here, nyangwe hake achibva kumba, huyewo kuti haakanganisi humbowo kana vanoda kupa humbowo here panze ipapo, kana kuti haazoparezve imwe mhosva akasunungurwa kudaro. Kuzotongerwa nyaya yake zvirokwazvo here, nyangwe hake achibva

kumba, huyewo kuti haakanganisi humbowo kana vanoda kupa humbowo here panze ipapo, kana kuti haazoparezve imwe mhosva akasunungurwa kudaro. Munhu wese, kusanganisira abatwa nemhosva neapihwa mutongo nedare, anekodzero yekuzivisa huye kushanyirwa nemudzimai, murume kana mudiwa wake, hama dzake, mufundisi kana murairidzi wake wezvemweya, gweta rake, chiremba wake kana mumwe zvake waangada zvichingoenderana bedzi nemurairo unenge wakapihwa mujeri maanenge akazarirwa. Apo munhu anenge akazarirwa mujere kana muchitokisi, anofanira kunge agere panzvimbo inewo hunhu isingait sechizumbu, huye achibatwawo semunhu kwete mhuka yesango. Munhu akasungwa zvisiri pamutemo, anogona kuenda pamberi pematare kunotsvaga muripo.

**51 – Kuremekedzwa nekukosheswa semunhu** – Munhu wese akakosha huye anechiremera chaanofanira kuva ainacho nekungova munhu kwega. Naizvozvo akafanira kuremekedzwa nevamwe vanhu nekuda kwekodzero iyoyo bedzi.

**52 – Kuchengetedzeka nekudziviririka sedungamunhu** – Munhu wese anekodzero yekuti hutano hwemuviri nepfungwa dzake zviremekedzwe, zvichisanganisira kudzivirirwa kubva kumhirizhonga nezvipi zvingamukuvadze, kubva kuHurumende kana kunaani zvake; munhu wese akusununguka kutora matanho aanoona anomuitira zvakanaka maringe nezvekubereka vana kana kutanga mhuri; huyewo kusava nezvidzidzo kana zviedzwa-edzwa (ma experiments) zvesainzi (science) zvingaitwa paari asina kutenderana nazvo zvizere.

**53 – Kusununguka kubva pakuitirwa utsinye, kushinhirwa, kusabatwa semunhu huye kukuvaldza kwakaipisia nekushaiswa chiremerera kunge chipuka**

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: HAKUNA MUNHU AKAFANIRA KUITIRWA UTSINYE, KUSHINHIRWA, KUKUVADZWA NEKUSHAIWA CHIREMERERA CHEKUVA MUNHU**

### **Kunemamwe mapoka evantu aripanjodzi zvakanyanya yekusangana nerusarura, akaita sevanhukadzi nevanorarama upenyu hunenhamo nekutambudziko**

Mugore ra2019, munaya yakapinda mumatare yainzi *State v Chokuramba* iyo yaive mudare reConstitutional Court of Zimbabwe, mutongi wedare irori anga aine basa rekuongorora nekupa mutongo panhau yekuti zvaitenderwa neBumbiro remutemo here kuti mwana (aripasi pemakore 18) arangwe zvekurohwa nechamboko mushure mekubatwa nemhosva mumatare edzimhosva. Dare rakatonga iro kuti Bumbiro idzva remutemo harichatenderi mutongo wekurangwa kwekurohwa nechamboko mushure mekubatwa nemhosva mumatare, zvichisiyana nemakore ekare. Kodzero yekuremekedzwa semunhu, kusaitirwa utsinye, kusashinhirwa huye kusabatwa kana kusarangwa sechipuka chesango yakafanira kuremekedzwa nguva dzose pasina painombonzi yatsvetwa pasi kodzero iyoyi. Izvi zvinosanganisirawo kodzero yekudzivirirwa kubva mukurangwa zvekurohwa nechamboko izvozvi.

**54 – Kupinzwa muhutapwa kana kubatwa semuranda** – Hapana akafanira kuitwa nhapwa kana kuchengetwa muhuranda.

**55 – Kusununguka kubva pakushandiswa basa zvekumanikidzwa nekugombedzerwa** – Hapana akafanira kumanikidzwa kushandiswa nekufondotswa zvekumanikidzwa asingabvumirane nazvo.

**56 – Kubatwa zvakaenzana sevanhu** – Munhu wese anekodzero yekubatwa zvakangofanana nevamwe vanhu vese, huyewo kuchengetedza nekubatsirwa nemutemo zvakangoringanawo sevamwe. Vanhukadzi nevanhurume vane kodzero dzakangofanana, huyewo kodzero yekuwana mikana yakaenzana munezvese zveupenyu. Zvimwe zvezvinhu zvinoisa vanhu panjodzi yekubatwa zvine rusarura zvinosanganisira rudzi rwavo, ruvara rweganda ravo, kumusha kunobva munhu, kwakaberekerwa munhu, dzinza netsika dzemunhu, mutauro wake, chitendero chake munhu, paari munyaya dzezvehupfumi muupenyu, kuti munhui, kuti nzvimbo igere munhu inotarisira kuti vanhukadzi nevanhurume vanofanira kunge vaine zvinzimbo zvipi muhugarisani huye vachiitei mukurarama, kuti munhu akaroora kana kuroorwa here, kuva nepamuviri kana kwete, kuremara, zvimwe zvichidarowo nekuti munhu akaberekerwa muwanano here vaberekvari vese kana kuti kwete. Munhu akabatwa nenzira dzisina kuringana nekuda kwechipi zvacho chikonzero pane zviri pamusoro apo, zvinoreva kuti patoita rusarura, kunze kwekuti pane chikonzero chinemwero pamutemo chaitisa kuti rusarura irworwo rwuvepo.

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: MUNHU WESE ANOFANIRA KUBATWA ZVAKAENZANA NEVAMWE**

**Bumbiro remutemo rinopa iro kudzivirira kwakasarudzika kunevamwe vanhu nezvavari muupenyu, kusanganisira kuti mwana akaberekwa muwanano yevaberekvi vari pamwechete here kana kuti kwete**

Bumbiro remutemo rinonyatsotaura pachena kuti vanhu vanofanira kubatwa zvakaenzana huye zvakafanana zvisina rurasura. Kodzero iyoyi inosanganisira vana vasina kuberekwa muwanano vaberekvi vari pamwechete. Munyaya yaBhila v *Master of the High Court and Others*, pakaita murume akafa asina kunyora gwaro rekugovewa kwenhaka yake (will). Iye nemudzimai wake wemuchato vaise vaita vana vavo vana pamwechete. Paakashayika, kwakazozivikanwa kuti ainge aitazve vamwe vana vatatu vaise vaberekwa kunze kwewanano nemumwewo mudzimai. Zvino vana vatatu ivava vaise vaberekwa kunze kwewanano iyi vakaenda kumatare vachinoti vaivavo nekodzero dzakaenzana pakugovewa kwenhaka yababa vavo nevana vaya vaiziikanwa vaise vaberekwa muwanano yanyakufa. Vaisimbaradza kodzero dzavo vachishandisa zviri muBumbiro pachikamu chemakumi mashanu netanhatu (section 56), apo pairambidza kubatwa kwavo zvine rusarura nekuda kwekuberekwa kunze kwewanano. Dare rakanonga iro kuti vana vese vemushakabvu vaifanira kubatwa zvakafanana, zvisinei kuti vamwe vaise vaberekwa muwanano vamwe vasina. Zvakaonekwa sezvisakarurama kuita rusarura pavana ivava nekutadzisa vamwe kuwana mugove panhaka yababa vavo.

**57 – Kurarama muchinyararire zvakavanzika** – Munhu wese anekodzero yekurarama muchinyararire achiita zveupenyu hwake zvakavanzika zvisina anokanganisa, kodzero iyoyi ichisanganisira kusangosechwa nekubatwa batwa semunhu uchinzi uonekwe kuti wakatakrei kana unei, kana kuti mumba mungoerekana moda kusechwa zvisina gwara remutemo, kana kutorerwa mudziyo kana zviwanikwa zvisina gwara remutemo. Munhu wese anekodzero yekusapa mvumo kunevamwe vanhu kuti vasangopinde pachivanze kana pamba pake, huyewo kodzero yekuti magwaro nehumbowo hunechekuita nezveutano hwemunhu zvichengetedzwe muchivande zvakavanzika, zvimwechetezvo nezvaanotaura nevamwe mukunyorerana dzingave mwadi kana tsamba dzepafoni nemameji zvivewo nekuchengetedzeka kumwecheteko.

**58 – Kusununguka kwemunhu kuungana nekuwadzana newaada** – Munhu wese anekodzero yekusarudza waanoda kuwadzana kana kushandisa nguva ainaye. Hapana akafanira kumanikidza kuva nhengo yeboka kana bato, kana kunzi aende kumusangano kana gungano raasiri kuda.

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE:KODZERO YEKUSARUDZA IBANDIKO RAKAKOSHA ZVIKURU REKODZERO YEVANHU YEKUWADZANA NEKUUNGANA NEVAVANODA**

### **Hapana anofanira kumanikidza kuenda kumusangano wezvematongerwe enyika asingade**

Musangano unomiririra kodzero dzevadzidzisi wakange uchishushikana nekuti vana vechikoro nevadzidzisi vavo vainge vachimanikidza kuenda kumisangano yerimwe bato rezvematongerwe enyika. Vamiririri ava vaiti ivo vadzidzisi nevana vainge vasina kupihwa sarudzo yekuenda kumisangano iyi kana kuti kwete, huyewo zvikoro zvaitomanikidza kuvharwa pamazuva aitika misangano yezvematongerwe enyika iyoyi. Vamiririri vevadzidzisi ava vaiti ivo izvi zvaityora kodzero dzakati wandei, kusanganisira kodzero yekuwadzana nekuungana kwevanhu nevavanoda huye pavanodira. Munyaya iyoyi, *Amalgamated Rural Teachers Union of Zimbabwe and Another v Zimbabwe African National Union [Patriotic Front] and Another*, dare reHigh Court rakabvumirana nazvo izvozvi, rikasimbisa kuti hakuna munhu munyika yese akafanira kumanikidza kuenda kumusangano kana gungano raasingade, huye munhu wese aive nekodzero yekuzviitira sarudzo yekuti aida here kuenda kumisangano ipi neipi zvayo kana kuwadzana nani zvake. Ani nani ainge amanikidza kuenda kumusangano wezvematongerwe enyika ainge atotyorerwa kodzero dzake, naizvozvo dare rakanonga kuti izvi ngazvimiwe chiriporipotyo. Nyangwezvo hazvo mutongo uyu wakaraswa mudare re Supreme Court pakaitwa appeal, zvikonzero zvawakarasirwa mutongo iwonyu zvainge zviri zvimwewo zvakatosiyana.

59 – Kusununguka kuratidzira, kunyora nekunopira vatungamiriri magwaro ekunyunyuta nekumira kwezvinhu – Munhu wese anekodzero yekuratidzira , kunyora nekunopira kuvatungamiriri magwaro ekunyunyuta pane zvisiri kufamba zvakanaka munyika, asi izvi zvakafanira kuitwa murunyararo zvisina bongozozo.

## CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: KUSUNUNGUKA KURATIDZIRA KWAKAKOSHA MUKUUMBWA KWENYIKA INE HUTONGI HWEJECHETERE

### Kuiswa muganhu kupi zvako kungaitwe pakodzero yekuratidzira kunofanira kunge kuine mwero, kwakafanira kuitwa uye kuchitaurika pamutemo

Munyaya ye*Democratic Assembly for Restoration and Empowerment and Others v Saunyama*, dare reConstitutional Court rakajekesa iro kuti kodzero yekuratidzira yanga iri imwe yekodzero yakarwirwa hondo yerusununguko kuti iveko, huye yainge yakakosha seimwe yekodzero dzinogadzira nheyo dzebutongi hwejechetera munyika. Kodzero iyoyi yakakosha, huye inotendera vanhu kuti vataure nekupira zvirimupfungwa dzavo nemumwoyo yavo zvisiri kufadza kuvatungamiriri. Inofanira kungopihwa muganhu bedzi kodzero iyoyi kana “zviine mwero, zvichinzisisika, zvakafanira kudaro, zvichitaurika pamutemo”. Munyaya iyoyi, mumwe wevatongi vedare, Justice Rita Makarau, vakati ivo “kuratidzira nekuungana kwevanhu vachipira kusafara kana kufara kwavo nezvirikuitika munyika inzira yakakosha yekuti veruzhinji vaungane pamwechete vachipira pfungwa dzavo, vachitsigira kana kupikisana nezvinenge zvirikuitika munyika [...]. Naizvozvo panozoti pafamba nguva kuratidzira ikoku kwapfuura, huye zviso zvevairatidzira zvakanganwika, mashoko evaratidziri nezvikonzero izvo vairatidzira zvinozosara zvakamira semucherechedzo wekusafara kweruzhinji, kana kunyunyuta, kupikisana kana kutsigira zvingadai zvaiitika, kusanganisira matanho ainge akatorwa nehutungamiriri munyika panguva iyoyo”.



(CREDIT: KB Mpofu / ILO)

**60 – Kusununguka mune zvechitendero nezvinokoshesa munhu zvepamweya** – Munhu wese anekodzero yekutendera munezaanoda kutendera pane zvemweya, nekubatawo muzvitendero izvozvo, pangave pachena kana muchivande, ari ega kana kuti nevamwe vaanotenderana navo. Vabereki nevachengeti vevana vadiki vasati vabva zera vanewo kodzero yekusarudza makudziro ezvechitendero avanoda kuita vana vavo, asi pavanoita izvi havafanire kutyora kodzero dzinopihwa vana muBumbiro remutemo. Chitendero chipi zvacho chinokwanisa kuvaka sangano rinopindirwa nekupa zvidzidziso kuvanhu vanotevera chitendero ichocho.

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: HAKUNA MUNHU ANOFANIRA KUMANIKIDZWA KUITA ZVINHU ZVINOPOKANA NECHITENDER CHAKE**

### **Kusununguka kwekusarudza chitendero nezvepamweya zvinoreva kuti zvinoteverwa nevanhu mukurevesa zvakafanira kuremekedzwa**

Mugore ra2020, dare reConstitutional Court rakapa mutongo wekuti vana vechikoro vaisafanira kumanikidza kuita mhiko ye national pledge kana kusaluta fulegi yenyika semucherechedzo weruremekedzo. Nyaya ya *Sangoni v Minister of Primary and Secondary Education and Others*, yainge iri panhau ye pledge iyoyi yanga iine mashoko anoti “Ndinoremekedza mureza wenyika.” Vana vese vechikoro muZimbabwe vaimanikidza kuita mhiko iyoyi zuva nezuva, naizvozvo VaSangoni vakati ivo zvaityora kodzero dzevana dzekuwana dzidzo, sezvo chitendero chevana vake nemhuri yake chairambidza kuita mhiko dzakadai dzaiita sekunge paakutonamatwa chimwe chimwari.

Dare reBumbiro remutemo rakanonga iro kuti kuitwa kwe pledge kwainge kuchityora mutemo sezvo kwaimanikidza. Dare rakange raona kuti VaSangoni nevana vavo vaive nechitendero chavo chavaitevera nekuveresa icho chaivapa kuona kuremekedzwa kwemureza wenyika kwaiitwa mumhiko ye National Pledge iyi seyaipokana nechitendero chavo. Nyangwezvo painge pasina chinganzi chaipokana neBumbiro remutemo mupledge pachezvayo mbune kana paku remekedza mureza wenyika, vanhu vainge vainie zvavanotendera mazviri vachirevesa, vaifanira kuremekedzwa, naizvozvo vaisafanira kumanikidza kuita mhiko yeNational Pledge iyoyi. Dare reConstitutional Court rakatsinhira iro rikati kusununguka pane zvechitendero nezvepamweya kwakakosha munyika inoshuwira hutongi hwegutsaruzhinji, naizvozvo Hurumende nevanoishandira yaifanira kuona kuti zvitendero zvese zvaitevedzwa mukurevesa huye zvichidyidzana neBumbiro remutemo zvachengetedzwa.

**60 – Kusununguka mune zvechitendero nezvinokoshesa munhu zvepamweya** – Munhu wese anekodzero yekutendera munezaanoda kutendera pane zvemweya, nekubatawo muzvitendero izvozvo, pangave pachena kana muchivande, ari ega kana kuti nevamwe vaanotenderana navo. Vabereki nevachengeti vevana vadiki vasati vabva zera vanewo kodzero yekusarudza makudziro ezvechitendero avanoda kuita vana vavo, asi pavanoita izvi havafanire kutyora kodzero dzinopihwa vana muBumbiro remutemo. Chitendero chipi zvacho chinokwanisa kuvaka sangano rinopindirwa nekupa zvidzidziso kuvanhu vanotevera chitendero ichocho.

**61 – Kusununguka kwemunhu pakutura nekupa maonero ake, nekusununguka kwevanoita basa rekutapa, kufambisa nekukushwa kwemashoko nenhau** - Munhu wese anekodzero yekutaura zviripamwoyo wake akasununguka, huyewo nekugamuchira pamwechetewo nekugoverana mashoko nevamwe. Izvi zvinosanganisira kusununguka kwevanonyora zvedzidzo netsvagiridzo, vanonyora nekuita mitambo, vanoimba, ananyanduri nevanoveza kana kugadzira nekudhinda mifananidzo. Kusununguka kwemapoka anokusha nekuparura mashoko kwakakosha pakuzadzikiswa kwekodzero iyoyi inonzi freedom of expression muchirungu, izvi zvichisanganisirawo kodzero yevatapi venhau kuchengetedza mazita evanovapa nhau kana ufakazi muchivande. Munhu wese akasununguka kuperura chiteshi chekukushwa nekufambisa kwemashoko nemumasai-sai, pachingodiwa bedzi kuti munhu iyeyu apihwe rezinesi (license) yekuita izvozvi neHurumende. Mapoka ese enhau eHurumende akafanira iwo kutenderwa kusarudza mashoko aanoda kukusha nekufambisa pasina kupindira kweHurumende; mapoka iwayo achifanirawo kunge asina divi raakarerekera, huye achitendera vanhu kupa pfungwa nemaonero avo akasiyana kubudikidza nemumashoko. Kodzero yekusununguka pamashoko iyoyi, zvisinei, haisi yekushandisa kukusha mashoko anokurudzira hondo, kusagadzikana nemhirizhonga, kukusha mashoko eruvengo, kuperadzira mashoko ekudzikisira nebvisa vamwe hunhu, kana kutsvaga kuvhiringidza runyararo nekurarama upenyu hwechinyararire kunoitwa nevanoda izvozvo havo.



## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: KUSUNUNGUKA PAKUTAURA NEKUPA MAONERO ZVAKAKOSHA PAKUFAMBISWA NEKUKUSHWA KWAKANAKA KWEMASHOKO**

**Vatapi venhau vanofanira kuita tsvagiridzo nekuferfeta nyaya zviri maringe  
nebaso ravo huye vachizokusha nekufambisa mashoko vasingatyte kusungwa  
kana kunenerwa mhosva**

Mugore ra2014, munyaya ya*Madanhire v Attorney General*, dare reConstitutional Court of Zimbabwe rakanza iro nyaya yaive nemubunzo wekuti kusungwa kwevatapi venhau nemhosva yekunzi vainge vamhura, kusvibisa nekukanganisa zita nechimiro chemunhu mumabepanhau (criminal defamation) kwaiwirirana neBumbiro remutemo here?

Chitaurwa kana chinyorwa chinonzi icho defamatory statement muchirungu chinenge chichisvibisa, kumhura nekuderedza zita nechimiro chemunhu pamberi pevamwe. Zvisinei, mutemo une paunoti kumhura ikoku kwazonyanya kwazosvika pakuva mhosva yekuti nyakumhurwa anogona kuuya nayo kuzotsvaga muripo kumatare. Kurikunzi dare raona nyakumhura uyu ainemhosva yekusvibisa kana kuderedza chimiro chemumwe kubudikidza nechinyorwa kana chitaurwa chaaita, nyakutadzirwa anokwanisa kuwana muripo wemari kana dzimwewo nzira dzekuripwa kubva kuna nyakumhura. Zvinoreva izvo kuti nyakutadzirwa uyu anenzira dzekuwana muripo nadzo zviri pamutemo zvisinei nekusungwa pamwechete nekutenherwa mujeri kwanyakumhura iyeyu. Zvino munyaya yaive mudariro iyoyi, pamusoro pemuripo wemari iyo nyakumhura aifanira kubhadhara, mutemo wakabvumidza kusungwa kwake nemhosva ye criminal defamation – zvaireva izvo kuti nyakumhura umwe uyu aigona kutotenherwa mujeri kwemakore anosvika maviri.

Mungava waivepo zvino wainge uri wekuti njodzi yekutenherwa mujeri iyoyi yaizodzivisa vatapi venhau kunyatsoita basa ravo nemazvo rekunyora nyaya dzavashandisa hunyanzvi hwekuferfeta humbowo pamwe nekupa maonero avo mumabepanhau nepamusana pekutyka kuzovharirwa mumajeri. Izvi zvaizokanganisa kufamba zvakanaka kwemashoko nenhau munyika. Dare reConstitutional Court rakanonga iro kuti zvirokzwazvo criminal defamation yaizokanganisa kodzero yekunyora nekutura zvinhu semaonerwe azvo pamwechetewo nekugamuchirwa nekufambisa kwemashoko zvakanaka munyika. Dare reConstitutional Court rakatiwo zvekare njodzi yekuendeswa kujeri iyoyi wainge uri mutongo wakapfuurisa mhosva yainzi iripo nekuda kwekuti nyakutadzirwa aikwanisa kuwana muripo wemari, zvichida nekukumbirwa ruregerero kana kuti vaverengi vaziviswe kuti nyaya iyi yainge yobviswa mubepanhau seisakarurama. Izvi zvekuchisungisa nyakumhura uyu zvaizenge zvichisina zvizhinji zvazvaizobatsira kana muripo watopihwa nyakumhurwa iyeyu. Mhosva yekunzi wamhura, washoresa nekuderedza zita nechimiro chemunhu kubudikidza nemanyepo (Criminal defamation) yakaonekwa seyaikanganisa kodzero dzekusununguka kwevatapi venhau, naizvozvo chikamu chemutemo chaiitsinhira chakanzi hachidyidzane neBumbiro remutemo.

**62 – Kodzero yekuwana nekugamuchira mashoko, zivo, zvinyorwa nenhau** – Munhu wese muZimbabwe, angave chizvarwa chenyika ino kana mugari wemuno akabva kuneimwe nyika asi ava nekodzero yekubatwa sechizvarwa chemuno, kusanganisirawo makambani ezvekutapwa kwemashoko emuno muZimbabwe, anekodzero yekuwana mashoko, zivo, zvinyorwa kana nhau zvirimumaoko eHurumende zvingabatsire kuti nyika yese izive kuti hutungamiriri nehupfumi hwenyika zvirikushanda zvinovandudza nyika nevanhu vayo here. Munhu wese muZimbabwe anekodzero yekuwana mashoko, zivo, umbowo, zvinyorwa kana nhau zvirimumaoko maani zvake, kusanganisira Hurumende, kana mashoko iwaya achibatsira kuchengetedza kana kuvandudza kuzadzikisa kwekodzero. Kurikunzi munhu aziva kuti Hurumende inezvinyorwa, mashoko kana zivo maringe nezvake asi zvisiri zvechokwadi kana kuti zvakakanganiswa, anekodzero yekuti zvinyorwa izvozvo zvigadziriswe kana kutodzimwa kana kuraswa chaiko.

**63 – Tsika nemitauro** – Munhu wega-wega akasununguka kushandisa mutauro waada, huyewo kupinda nekubatirana nevamwe munezvetsika nemagariro semasarudziro ake, kana zvichingoitwa bedzi maringe neBumbiro remutemo.

**64 – Kusununguka kutsvaga nekupinda basa, mushando wemaoko kana bhindauko munhu raada rinomupa pundutso** – Munhu wese anekodzero yekuita basa, mushando wemaoko kana bhindauko ripi raasarudza ringamupa pundutso pakurarama, kana zvichingoitwa bedzi maringe neBumbiro remutemo.



(CREDIT: KB Mpofu / ILO)

**65 – Kodzero dzevashandi** – Munhu wese anekodzero yekubatwa zvakanaka, zvakaringana pabasa, huye nekushandira pasingamuise panjodzi. Izvi zvinosanganisirawo kodzero yekutambira muripo wakaringana, huye nekuvawo nepekushandira nemashandiro anemwero, huye akaringana pamutemo. Munhu wese, kunze kwemauto, mapurisa nevamwe vanoita zvekuchengetedza kwenyika murunyararo, vanotenderwa kuva nhengo nekubatirana nevamwe munezvekodzero dzevashandi zvingasanganisire kuratidzira, kuramwa mabasa, kugara pasi vasina basa ravari kuita mukambani kana kutombomira kushanda hunge vaine zvanonyunya zvanoda zvigadziriswe mumabasa avo imomo. Zvisinei, Hurumende inogona kupa muganhu mukuzadzikiswa kwekodzero iyoyi, zvikurisei kune vanoshanda mabasa anokoshesesa aneupenyu hwewanhu mukati sekuzvipatara. Vanhukadzi vanewo kodzero dzekubhadharwa zvakaenzana nevanhurume kumabasa, vachizovawo nekodzero yekuenda kuzororo remateneti vakatarisana nekusununguka pamuviri pamwechetewo nepavanenge vazosununguka, vachipihwa mubhadharo wese wakakwana wekupera kwemwedzi kwenguva inoita iyo mwedzi mitatu kana kupfuura.

**66 – Kodzero yekufamba zvakasununguka nekuvaka musha/kuwana hugari munyika** – Mwana wese weZimbabwe anekodzero yekupinda munyika yeZimbabwe paada huye haakwanise kubviswa kana kubuditswa imo muno munyika make. Munhu wese muZimbabwe anewo kodzero yekuwana gwaro rekufambisa ingave passport kana rimwe ripi zvaro ringatenderwa pakufamba. Munhu wese anekodzero pamutemo yekuva muZimbabwe anewozve kodzero yekuenda kipi kwaangada kana kugara kipi kwaangada munyika, huyewo nekutama oenda hake kana zvirizvo zvaada, zvichitevedza mutemo.



(CREDIT: George Hodan)

**67 - Kodzero mune zvematongerwe enyika** – Vanhu vemuZimbabwe vanekodzero yekuva nesarudzo dzevatungamiriri dzakasununguka, dzakajeka, dzisina kubirira huye dzinovatendera kuti vaise vatungamiriri vavanoda pazvigaro. Munhu wese anemakore anobva pagumi nemasere (18) kuenda mberi anokwanisa kuvhota musarudzo kana muma referendum, pamwewo nekukwikwidza kuvhoterwa pasarudzo. Vanhu vemuZimbabwe vanekodzero dzekuvamba mapato kana kuvenhengo yebato ripi zvaro rezvematongerwe enyika, kukambenera bato ravanoda huye kupindawo pazvirongwa zvekusimudzira kana kubvunza mafambisirwo anenge achiitwa nyika neHurumende. Izvi munhu anokwanisa kuzviita ari ega kana kuti ari mumapoka nevamwe vanhu.

**68 – Kodzero yekubatwa zvinekuringaniswa pamutemo, zvakaenzana, zvisina tsvete uye zvinenduramo nemapazi eHurumende** – Panotorwa matanho kana gwara rehutongi neHurumende kana nemapazi ayo zvichitarisirwa kunakira nyika nekubatsira kuvandudza raramo yevanhu munyika, kuita ikoku kwakafanira kukurumidzwa kuti vanhu vayamurike, huye kuri pamutemo. Kana paine munhu anenge atyorerwa kodzero nekusununguka kwake nekuda kwematanho kana gwara ratorwa iroro, anofanira kupihwa zvikonzero zvakanyorwa pasi zvinotsanangura kuti nei matanho kana gwara iroro zvatorwa.

**69 - Kodzero yekunzwirwa nyaya kumatare edzimhosva zvisina tsvete kana rusarura** – Munhu wese arikupomerwa mhosva anekodzero yekumira nekutongwa pamberi pedare redzimhosva zviripajekerere, nyaya yake ichizeyewa zvinenguva inotaurikawo, nekuwo dare richishanda zvisina tsvete kana rusarura. Kana paine aenda kumatare kunotsvaga kuzadzikisirwa kodzero dzake, anewo kodzero dzekubatsirwa munguva yakatsarukana zvakajekawo zviine kuringaniswa pamutemo. Munhu wese anekodzero yekuenda kumatare kunotsvaga rubatsiro pakupokana kwaanenge aita nemumwe munhu zvingada mutemo kuringaniswa, huyewo nekumiririrwa negweta panyaya yake.

**70 – Kodzero dzevari kupomerwa mhosva yekutyora mutemo yenyika** – Wese arikupomerwa kupara mhosva yekutyora mutemo wenyika anekodzero yekuonekwa seasina mhaka kusvika matare edzimhosva amubata aine mhosva, kuziviswa nekuda kwemhosva yaari kunenedzerwa nekumiswa pamberi pematare nayo, huye nekupihwawo nguva yakakwana yekugadzirira kuzvimiririra pamberi pematare. Wese arikupomerwa mhosva yekutyora mutemo anekodzero yekumiririrwa negweta, huyewo kupihwa rubatsiro rwe gweta kana asina mari yekuzvitsvagira ega asi pachidikanwa kunge gweta riripo kuti asarasikirwe nemukana wekurubatsiro panyaya yake. Munhu arikupomerwa mhosva anekodzero yekusataura chinhu nekusapindura mukupomerwa kwake ikoko, pamwewo nekusapa huchapupu kana kuzvisunguririra nemashoko ake pamhosva yaari kunenedzerwa iyoyi, nekupihwawo muturikiri kana dare ririkuzyea nyaya yake ririkushandisa mutauro waasinganzwisise. Munhu wese anekodzero yekukwidza nyaya yake kudare repamusoro kubudikidza ne appeal kana aine kunyunyuta nekubatwa nemhosva kana mutongo waanenge apihra mudare repazasi kunenge kwanzwikwa nyaya yake.

**71 - Kodzero yekuva mwene, kuva nesimba pamusoro pemidziyo, pezviwanikwa nezvishandwa zvinobatika**

Munhu wese anekodzero yekuva mwene wemidziyo, zviwanikwa, paagere, kana zvishandwa zvake zvinobatika, zvichireva izvo kuti anokwanisa kutenga, kuchengeta, kushandisa nekutengesa zvishandwa, zviwanikwa kana zvinobatika zvake izvozvi. Hurumende haisakafanira kutorera munhu zvishandwa zvake, paagere nemidziyo yake kunze kwekunge zvakakoshera nyika kana ruzhinji rwenyika, kana kuti kutora ikoku kwatenderwa nemutemo wakadzikwa nedare reParamende. Kurikunzi Hurumende yatora zvinhu izvi, inofanira kufanoyambira vese vachatorerwa zvinhu, pavagere kana zvishandwa zvavo kubudikidza nechinyorwa cheziviso, huye ichifanira kuzopawo muripo ungava wedzimari kana zvimwe zvekuripira zvakaringana nekutorwa kwezvinhu ikoku.

**72 - Kodzero yekuwana ivhu rekurima** – Hurumende inogona kutora ivhu kana richidirwa kurima, zvekuhenetedza nharaunda kana kutamisa vanhu vanenge vasimudzwa pavagere kuitira kuchenetedza nharaunda. Kana izvi zvaitika, Hurumende inogona kusabhadhara muripo. Hurumende inogona kutorawozve ivhu nechikonzero chechirongwa chekugarisa vanhu patsva nekuvapa minda yekurima. Kana izvi zvichinge zvaitika, Hurumende yakafanira kuva nechokwadi chekuti kodzero dzevana veZimbabwe dzekuwana nekushandisa ivhu ravo dzazadzikiswa.

**73 - Kodzero yekuchenetedzwa kwenharaunda**, nyika nezviwanikwa zvayo – Munhu wese anekodzero yekugara munharaunda yakachenya inehutano. Izvi zvinosanganisira kodzero yekuti nharaunda ichenetedzwe neHurumende, kuitira hugari hwakanaka hwevanhu hwaizvozvi nehwevachaya mune remangwana, pamwechetewo nekudzivirira kusvibisva nekuparadzwa kwenharaunda, kukurudzira kuchenetedzwa kwenzvimbbo nekuona kuti zvirongwa zvebudiriro zvirikuvandudza kuchenetedzwa kwenharaunda nezviwanikwa pamwechete nekusimudzira zvehupfumi nekugara kwakanaka kwevanhu.



(CREDIT: Ulrika)

**74 – Kusununguka kubva pakungobviswa kana kupfochoreswa munhu paagere/paakavaka –**  
Hapana munhu akafanira kubviswa paagere kana kuputsirwa imba yake paakavaka pasina tsamba yemurairo (court order) inobva kudare redzimhosva ichitendera kubviswa kwemunhu iyeyu kana kuputswa kwemba ikoku.

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: DZIMBA NEZVIVAKWA ZVESE ZVAKACHENGETEDZWA NEBUMBIRO REMUTEMO**

### **Vanhu vanokwanisa kungobviswa pavagere kana kuputsirwa dzimba bedzi mushure mekunge dare redzimhosva rakumbirwa mvumo rikatendera**

Bumbiro rinojekesa kuti pese panobviswa vanhu panzvimbo yavagere kana pavakavaka panotoda tsamba yemurairo inobva kumatare (court order) ichitendera kuti zvakadai zviitike. Munyaya yeCity of Harare v Makungurutse, vanhu vanechitsama vaigara kunzvimbo yeBudiriro 4 vakabviswa pavainge vakavaka vagere nemhuri dzavo, dzimba dzavo ndookuputswa, Hurumende isina kumboenda kumatare kunopihwa mvumo yekuita saizvozvo. Nekuda kwekutya kuti dzimba dzavo dzaizoputswawo, vanhu vana venzvimbo iyoyi vakanotsvaga murairo kubva kumatare waisimbisa iwo kuti paidiwa mvumo yematare vasati vabviswa zviri pamutemo kubva pavainge vakavaka huye vagere. Dare reSupreme Court of Zimbabwe rakabva ratonga iro kuti mutemo upi zvawo waitendera vanhu kubviswa pavainge vagere kana pavainge vakavaka pasina mvumo yematare edzimhosva waitenge uchipokana nezviri muBumbiro remutemo.

Hazvirevi izvo kuti vanhu havafanire ivo kutombobviswa pavagere kana kuputsirwa dzimba pavakavakira kana vakaendapo zvisiri pamutemo bodo. Chiripo ndecekuti matare edzimhosva anotanga anyatsonzwisisa mamiriro enyaya kuti vanhu vakazogarapo kana kuti vakazovakirapo zvadini huye zvikonzero zvekuvabvisa zviripamutemo here, zvese zvichiitirwa kuti pasawane vanotorerwa kodzero kana kumbunyikidza nematanho anozotorwa pamberi.



(CREDIT: USAID Zimbabwe)

**75- Kodzero yedzidzo** - Chizvarwa chese cheZimbabwe nevagari vemuZimbabwe vave nekodzero yekubatwa sevizvarwa vane kodzero yekuwana dzidzo yepachikero chekugona kuverenga ne kunyora (basic education), vachibhadharira neHurumende. Izvi zvinosanganisira kudzidza kwevechikuru vanenge vakarasikirwa nemukana wekuenda kuchikoro panguva yavo (adult education). Zvikoro zvakazimiririra zvega zvisiri zveHurumende zvinotenderwa kushanda, asi zvichitarisirwa kunge zvakanyoreswa kuHurumende, zviine mashandiro anotarisirwa anechiyero chinogamuchirika, huye asingasarudzi vanhu kana vadzidzi.

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: KUSUNUNGUKA KWEMUNHU KUSARUDZA KWAANODA KUENDA KWAKAKOSHA PAKUZADZIKISWA KWEKODZERO YEKUSUNUNGUKA KWEMUNHU PAKUWADZANA NEKUFAMBIDZANA NEWAANODA**

**Hapana akafanira kumanikidza kuenda kumisangano yezvematongerwe enyika**

Munyaya yeAmalgamated Rural Teachers Union of Zimbabwe and Another v Zimbabwe African National Union [Patriotic Front] and Another, boka rinomirira kodzero dzevadzidzisi raive nekushungurudzika nekumanikidza kwaiitwa vana vechikoro kuenda kumisangano yezvematongerwe enyika. Rainetsekawozve nekuti kodzero dzevana dzekuwana dzidzo dzainge dzotyorwa sezvo pamazuva aiitwa misangano iyoyi vana vairasikirwa nemazuva pamwe nenguva yekudzidza. Dare rakabvumirana navo, sezvo kumanikidza kurovha chikoro kwaikanganisa vana pakudzidza nepakuzadzikisirwa kodzero dzavo maringe nedzidzo.



(CREDIT: UNICEF)

**76- Kodzero yekuwana rubatsiro rwezveutano** – Chizvarwa chese chemuZimbabwe nevagari vemuZimbabwe vave nekodzero yekubatwa sezvizvarwa vane kodzero yekuwana rubatsiro rwunemwero rwezvehutano, kusanganisira kuonekwa naanachiremba pamwewo nekuwana mishonga muzvipatara. Hapana munhu anofanira kudzivisa kuwana rubatsiro mushure mekuitika kwenjodzi kana kungorwara chiriporipotyo (emergency medical treatment) muchipatara kana kirinika ipi zvayo munyika. Hurumende yakafanira kuramba ichitora matanho nekuramba ichitsvaga zvikwanisiro zvekuvandudza kuwanikwa kwerubatsiro rweutano kuvanhu nekuzadzikiswa kwekodzero yevanhu yekuwana utano hwakaringana.

**77- Kodzero yekuwana chekudya nemvura zvakaringana** – Munhu wese anekodzero yekuwana mvura yakachena inonwika nekushandisika, pamwewo nechekudya chakaringana. Hurumende yakafanira kutora matanho nekuramba ichitsvaga zvikwanisiro zvekuvandudza kuti kodzero iyoyi izadzikiswe .



(CREDIT: Ray White)

78- **Kodzero dzezwewanano** –Munhu wese asvika makore gumi nemasere (18) anekodzero yekutanga mhuri. Hakuna munhu anofanira kumanikidza kuroora kana kuroorwa asingade. Vanhu vakuru vabva zera vanekodzero yekuroora kana kuroorwa (munhukadzi nemunhurume), kana vachinge vabvumirana.

## **CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: WANANO NDEYEVANHU VASVIKA KANA KUPFUURA MAKORE 18 EKUBEREKWA**

### **Mitemo inechekuita newanano, sezvinotarisirwa kuneimwe mitemo yese, inofanira kunge iine sungawirirano neBumbiro remutemo**

Zimbabwe yanga iine mutemo waitendera vanasikana vanemakore aripasi pegumi nemasere (18), asi ari pamusoro pegumi nematanhatu (16) kuti varoorwe mushure mekunge vabereki vavo vapa mvumo. Bumbiro remutemo rinoti mwana wese – zvichireva munhu wese aripasi pemakore gumi nemasere (18)- anofanira kuwana kuchengetedza kwakaenzana kubva kumutemo. Nyangwezvo Bumbiro risingape muganhu pamakore maringe nezvekodzero yewanano, muchikamu chemakumi manomwe nemasere (Section 78) munotaurwa nezvekodzero yevabve zera vapfuura makore gumi nemasere (18) kuti vatange mhuri. Mugore ra2016, munyaya ya*Mudzuru and Another v Ministry of Justice, Legal and Parliamentary Affairs and Others* dare reConstitutional Court rakajekesa iro kuti kodzero yekutanga mhuri, iyo inongotenderwa kunevasvitsva makore gumi nemasere (18) nekupfuura, inodyidzana nekuva nehukama nekodzero yewanano huyewo ichifanira kungotenderwa vasvitsa makore gumi nemasere (18) nekuenda mberi chete. Tsanangudzo yemutemo yakadai inozadzikisawo zvivimbiso nezvibvumirano zvemutemo izvo Zimbabwe yakanyorera nekuzvipira kuzadzikisa. Sezvineiwo, Bumbiro remutemo raidzivisa ani nai munhui zvake, angave mukomana kana musikana, kuroora kana kuroorwa ari pasi pemakore gumi nemasere (18). Zvaireva izvo kuti paiva nekakupokana kwemutemo warehwa uyu waibvumira vanasikana varipakati pemakore gumi nematanhatu (16) kusvika gumi nemasere (18) kuti varoorwe neBumbiro iro raiti wese aiva pasi pemakore gumi nemasere aiva mwana aisafanira kupinda muwanano. Dare reConstitutional Court rakajekesa kuti hakusakafanira kuva nemutemo inopikisana neBumbiro remutemo, rikatsinhirawozve kudzivirirwa kwakasarudzika kunopihwa vana neBumbiro, kusanganisira parinoti vana vese vanofanira kuonekwa nekubatwa zvakaenzana, huye kudzivirwa kubva pakupinda muwanano vachiri pwere (vachine makore aripasi pe gumi nemasere). Dare irori rakazoti mitemo yaitendera vana kupinda muwanano yaisafanira kuramba ichishanda munyika yeZimbabwe.

## CHIKAMU CHEPIRI

### Kodzero Nekusununguka Kwevanhu Kwakakosha

80 – **Kodzero dzevanhukadzi** – Vanhukadzi vese vanekodzero yekubatwa nechiremerera chimwechete sevanhurume, kusanganisira kuwaniswa mikana yakaringana munezvematongerwe enyika, munezvehupfumi nezvehugarisani hwevanhu. Hakuna mitemo, tsika kana maitiro echinyakare zvakakodzera kutyora kodzero dzevanhukadzi.

81 – **Kodzero dzevana** – Mwana wese – kureva wese aripasi pemakore gumi nemasere (18) ekuberekwa- anekodzero yekubatwa zvakaenzana, kusanganisira kodzero yekunzwikwa zvaanotaura nekufunga, kuva nezita pamwechete nezita remhuri, huyewo, kana akaberekerwa muZimbabwe, kuti ave netsamba yekuzvarwa ye birth certificate, iyo anofanira kuwana nekukurumidza. Mwana wese anekodzero yekuchengetwa nekuriritirwa nemhuri yake kana nevabereki vake kana kuti, zvichinzi haasi mumhuri yake, kupihwa kuriritirwa kwakaringana nevachengeti vake. Hakuna mwana anofanira kumbunyikidza, kufondotswa nekumanikidza kushanda zvakaomarara, kubatwa zvakaipa, kuraswa nekudzvinyirirwa. Hakuna mwana anofanira kuonekwa achirwa mudzihondo, kusanganisira dzinopakatwa zvombo zvakaita sepfuti. Kuvharirwa mutirongo kwevana vapara mhosva rinofanira kunge riri danho rekupedzesera pasisina dzimwe nzira dzemarangiro pamutemo kwavangaitwe, huyewo nguva yekuvharirwa iyoyi inofanira kuva iri pfupi. Munyaya dzese dzinechekuita nevana, zvakanakira nezvinovandudza upenyu hwemwana ndizvo zvinofanira kukosheswa zvikuru nguva dzose.

### CHIDZIDZO KUBVA KUNYAYA YAKAPINDA MUMATARE: MWANA WESE – KUREVA ANI NANI ARIPASI PEMAKORE 18 – ANOFANIRA KUCHENGETEDZWA NENZIRA YAKASARUDZIKA

#### Bumbiro remutemo rinopa vana kodzero dzakavandudza

Dare reConstitutional Court rakatsinhira iro nezvekukosha kwekuchengetedza kwekodzero dzevana munyaya yaKawenda v Minister of Justice, Legal and Parliamentary Affairs and Others. Mutemo wenyika yeZimbabwe wairambidza kuenda pabonde nemwana aripasi pemakore gumi nematanhatu (16) ekuberekwa, asi uine kutendera kuti ainge apfuura makore iwaya aigona kuendwa naye pabonde semunhu abva zera. Zvisinei hazvo, Bumbiro rinoti mwana munhu wese anemakore aripasi pemakore gumi nemasere (18) ekuberekwa, uyo anetenje ainekodzero nekudzivirirwa kwakasarudzika nekuda kwekuva mwana ikoku. Zvaireva izvo kuti pachitariswa Bumbiro remutemo, zvaitenderwa nemutemo waivepo uyu zvekuona vana varipakati pemakore gumi nematanhatu (16) ne gumi nemasere (18) sevabvazera izvozvi zvaitotyora kodzero dzevana ivava sezvo zvaivabvisira kudzivirirwa kwakasarudzika kwakafanirana nevana, sezvinotsinhirwa muBumbiro. Naizvozvo dare reConstitutional Court rakanonga nekuraira iro kuti mutemo uyu waifanira kugadziriswa, kuitira kuti mwana wese - kureva wese aiva pasi pemakore gumi nemasere (18) ekuberekwa, achengetedzwe nekubatwa semwana zvakasarudzika.

82 - **Kodzero dzevakwegura** - Vanhu vapfuura makore makumi manomwe (70 years) vanekodzero yekuriritirwa nemhuri dzavo pamwechetewo neHurumende, huyewo kupihwa rubatsiro rwezveutano nemari yeraramo kubva kuHurumende.

83 - **Kodzero dzevakaremara** - Hurumende inofanira kutora matanho ese kuti vanhu vakaremara vakwanise kurarama upenyu huzere hunogutsa, kusanganisira kutora matanho ese kuti vakaremara vakwanise kuzviriritira nekuzviraramira, kuti vagare nemhuri dzavo huyewo kupindawo nekubatirana nevamwe munezvakasiyana-siyana zvenyika nenharaunda dzavagere, kudzivirirwa kubva mukutyorerwa kodzero nekudzvinyirirwa, kuwana rubatsiro rwezveutano rwavangade kuzvipatara, kusanganisira utano hwekugadzikana kwefungwa nendangariro. Vanhu vakaremara vanofanira kuwana pekudzidzira pakaringana huyewo kuwana dzidziso yemabasa emaoko neyezvinopundutsa munezveupfumi nekurarama semadire avangazviite.

84 - **Kodzero dzevarwi vehondo yerusununguko** - Vese vakarwira nyika muhondo yerusununguko, vakabatsira varwi verusununguko, kana vakasungwa, nekuvhadirwa mumatorongo ne vairambidza kufamba nekuda kwekufungidzirwa ipo panguva yehondo yerusununguko, vane kodzero yekucherechedza nekuda kwebasa ravakabata pakusunungurwa kwenyika yeZimbabwe. Izvi zvinogona kusanganisira kupihwa muripo we penjeni nekuwaniswa rubatsiro rwezveutano kuzvipatara.



(CREDIT: Gyan Gurung)

# KUVA NECHOKWADI CHEKUTI KODZERO DZAKO DZAZADZIKISWA

Kodzero dzirimuChiga CheKodzero (Bill of Rights) dzakagadzirwa kuti munhu wese munyika akachengetedzeka kubva mukudzvanyirirwa nemukubatwa zvisakarurama. Ani zvake anekodzero dzaakuda kumbunyikidza anokwanisa kutora matanho ekuita kuti kodzero dzake idzodzi dzichengetedzwe – kana kutorawo matanho ekuchengetedza kodzero dzevamwe.

Panenzira dzakawanda dzekuchengetedza kodzero dziri muChiga Chekodzero, asi nzira iripachena kupfuura dzimwe kuenda kumatare edzimhosva kunotsvaga rubatsiro ikoko. Matare anokwanisa kuraira Hurumende kana ani zvake kuti patorwe matanho akasiyana ekuchengetedza kodzero dzevanhu, kana kuraira kupihwa kwemuripo, kana kuraira imwe nzira yekuringanisa vanhu vanekodzero dziripanjodzi yekutyora kana kuti dzatotyorwa. Matare ndiwo anesimba gurusa rekuchengetedza kwekodzero dzevanhu. Vanhu vanokwanisawo kuwana rubatsiro mukutsvaga kuzadzikiswa kwekodzero dzavo kubva kumapoka akasiyana-siyana, mamwe acho anoshandidzana neHurumende mamwe achishanda akazvimirira ega.



(CREDIT: USAID Zimbabwe)

Kunemapoka anechitsama anotenderwa kuvapo neBumbiro remutemo, anehukama nekushandidzana neHurumende ayo anebasa rekuona kuti kodzero dzevanhu dzachengetedza. Mapoka aya anotenderwa kuvapo kubudikidza ne chitsauko chegumi nepiri (Chapter 12) muBumbiro remutemo, chinezita rekuti "Independent Commissions Supporting Democracy" kana kuti "MaKomishini anoshanda akazvimiririra achitsigira hutongi hwegutsaruzhinji." MaKomishini iwaya anosanganisira Zimbabwe Human Rights Commission (ZHRC) neZimbabwe Gender Commission, pakati pemamwe arimo muchitsauko imomo. Zvakakosha kurangarira kuti Bumbiro remutemo rinochengetedza

kuzvimiririra pakushanda kwemapoka iwaya. Zvinoreva izvo kuti haasakafanira kuva anorairwa mashandiro nebazi ripi zvaro reHurumende. Chikonzero chakakoshera kuti mapoka iwaya ashande akazvimiririra kudai ndecekuti anowanzonge aine basa rekuona kuti Hurumende irikushanda zvinowirirana neBumbiro remutemo pachevayo here. Naizvozvo kuva akazvimiririra kunobatsira kuti maKomishini iwaya akwanise kunyatsoita zvaanosungirwa kuita, nekukwanisawo kuzadzikisa zvimwe zvinangwa zvawo zviri muBumbiro. Izvi zvinosanganisira kuvandudza kodzero dzevanhu nehutongi hwegutsaruzhinji, pamwewo nekuona kuti Hurumende nemapazi ayo zvirikushanda nekushandisa upfumi hwenyika zviri pajekerere zvinosimudzira upenyu hwevanhu here pasina chitsotsi, rusarura kana tsvete. MaKomishini iwaya anosungirwawozve kubatsira vanhu vanekodzero dziripanjodzi kana kuti dzakatyorwa. Anewo zvinangwa zvaakagadzirirwa kunyatsotarisana nawo iwo maKomishini iwaya – semuenzaniso ZHRC inokwanisa kufeya nyaya dzekumbunyikidza kwekodzero, huyewo inemasimba ekuona kuti njodzi yekutyorwa kwekodzero nekutyorwa kwadzo mbune kwapedzwa, huye kuti kodzero dzagadzirirwa matanho ekuti dzizadzikiswe, zvimwe zvacho zvichitora nguva pfupi zvimwe zvichida nguva refu kuti zviitike.

Mamwewo mapoka, akaita sema NGO anoshanda akazvimiririra anokwanisa kubatsira vanhu kurwira kuzadzikisa kwekodzero dzavo. Mapoka iwaya anowanzoshanda pamwechete nekukurukura neHurumende maringe nenyaya yekuchenetedzwa kwekodzero dzevanhu iyoyi, naizvozvo anokwanisawo kubatsira panenyaya dzekodzero dzinoda kuendeswa kumatare kana dzingagadzirisike zvisingade matare edzimhosva.



(CREDIT: USAID Zimbabwe)

# MUKUPETA

Zvakakoshera kuziva kodzero dzako pamwechete nekuziva nezveBumbiro remutemo ndezvekuti ukwanise kurarama upenyu hune chiremerera, pamwewo nekuva nemukana wekurarama upenyu huzere, hunogutsa semunhu. Zvisinei, zvakakoshawo kurangarira kuti kodzero idzodzi dzinouyawo nezvaunosungirwa iwe semunhu kuita. Isu tese tinebasa rekuona kuti Hurumende yagara ichishanda nekuita basa rekusimudzira nyika zvinenduramo, pamwewo nekuona kuti Hurumende yazadzikisa zvainosungirwa kuita neBumbiro remutemo. Izvi zvinosanganisirawo kuona kuti Hurumende haisi kutyora kodzero dzedu kana kuti dzevamwe here imo muno munyika yeZimbabwe. Isu tose tinebasa rekubatawo vamwe zvine rukudzo neruremekedzo, izvo vakafanirwa nazvo sevanhu. Kana iyesu tichifunga kuti kodzero dzedu dzakafanira kuremekedzwa, naizvozvo takafanirawo kuremekedza kodzero dzevamwe.

Bumbiro remutemo rine muono wakanaka wekuti nyika yeZimbabwe inofanira kunge ichibudirira vanhu vayo vachipunduka, vachirarama zvakanaka huye kodzero dzavo dzichiremekedza. Nyika yedu yamboedza painogona kumboti fambei mberi mukuzadzikisa muono iwoyu. Zvisinei pachine basa rinoda kuitwa zhinji, sezvo pachine zvakawanda nematanho akawanda achirikuda kutorwa kuti munhu wese muZimbabwe ararame kodzero dzake dzichiremekedza nekuzadzikiswa. Nekuramba takaisa ziso pamashandiro eHurumende nekuraramawo tichitevedzera zvirimuBumbiro redu remutemo, tese tinokwanisa kuti muono iwoyu weraramo yakanaka, inebudiriro nekuzadzikiswa kwekodzero kuvanhu vese munyika uve wechokwadi huye tiuonewo uchizadzikiswa munguva yeupenyu hwedu yekurarama.



(CREDIT: Heifer Zimbabwe)

# **MAPOKA ANOKWANISA KUKUBATSIRAI PAKUCHENGETEDZWA NEKUZADZISWA KWEKODZERO DZENYU**

**Mapoka aneukama kana kudyidzana neHurumende**

## **High Court of Zimbabwe**

### Harare

Address: Mapondera Building, Corner 3rd Street and Samora Machel Avenue, Harare

Telephone: +263 242 250 784-5/242 250 805

### Bulawayo

Address: Tredgold Building, Cnr Forth St/Leopold Takawira, Bulawayo

Telephone: +263 29273600/3

### Mutare

Address: 10 Robert Mugabe Road, Mutare

Telephone: + 263 20 2061476 or +263 20 2061467

### Masvingo

Address: Cnr Robert Mugabe Street and Leopold Takawira Street, Masvingo

Telephone: +263 39 2262081 or +263 39 2262358

## **Legal Aid Directorate**

### Harare

Address: 6th and 7th Floors, Century House, Harare

Telephone: +263 24 279 7911/4

### Bulawayo

Address: Block C, 5th Floor, Mhlahlandlela Government Complex, Bulawayo

Telephone: +263 29 277 294 or +263 29 277 542/3/4

### Chinhoyi

Address: Old Government Hospital, Government Complex, Chinhoyi

### Gweru

Address: Room 2068, 2nd Floor, Governor's Entrance, Government Complex, Gweru

Telephone: +263 54 227 887/8

### Masvingo

Address: Passport Building, Masvingo

Telephone: +263 39 261 281/181

### Marondera

Address: 7 5th Street, Marondera

### Mutare

Address: 24C Avenue, Mutare

Telephone: +263 20 694 701/64071

### Gwanda

Address: Office No 4, 5, 7 & 8, 1st Floor, Pumulani House, Gwanda

Telephone: +263 284 24625/11

### Hwange

Address: 24 Coronation Avenue, Hwange

Telephone: +263 81 282 0216/7

Web: <https://justice.gov.zw/departments/legal-aid-directorate>

## **National Peace and Reconciliation Commission**

### Harare

Address: 7th Floor, First Mutual Building, 99 Jason Moyo Avenue, Harare

Telephone: +263 242 792 676-9 or +263 242 791 757

### Bulawayo

Address: 6th Floor, First Mutual Building, Cnr 9th Avenue and Joshua Nkomo Street,  
Bulawayo

Telephone: +263 292 701 01/5

Email: [info@nprc.org.zw/](mailto:info@nprc.org.zw/)

Web: <https://www.nprc.org.zw/>

Twitter: @NPRCZim

## **Zimbabwe Human Rights Commission**

### Harare

Address: 144 Samora Machel Avenue, Harare

Telephone: +263 242 705 268/426

### Bulawayo

Address: 49 J. M. Nkomo (between 3rd and 4th Avenue), Bulawayo

Telephone: +263 29 2264 170-73

Hotlines: +263 771 838 656 or +263 786 602 035

Email: [info@zhrc.org.zw](mailto:info@zhrc.org.zw)

Web: [www.zhrc.org.zw](http://www.zhrc.org.zw)

Twitter: @zhrc365

## **Zimbabwe Gender Commission**

Physical address: Pax House, 89 Kwame Nkrumah Avenue, Harare, Zimbabwe  
Telephone: +263 024 2701101 or +263 24 225 0296  
Email: [info@zgc.co.zw](mailto:info@zgc.co.zw)  
Web: [www.zgc.co.zw](http://www.zgc.co.zw)  
Twitter: @GenderZimbabwe

## **Zimbabwe Anti-Corruption Commission**

Physical address: 872 Betterment Park, Mt Pleasant, Harare  
Telephone: +263 242 369 602 or +263 242 369 605  
Email: [reports@zacc.co.zw](mailto:reports@zacc.co.zw)  
Twitter: @ZACConline

## **Mapoka anoshanda akazvimirira (maNon-Governmental Organisations)**

### **Legal Resources Foundation**

Toll-free legal advice helpline: 08080402  
SMS assistance: +263 787 108 721  
Physical address: 16 Oxford Road, Avondale, Harare  
Telephone: +263 242 251 171/4  
Email: [pa@lrf.co.zw](mailto:pa@lrf.co.zw)  
Web: [www.lrfzim.com](http://www.lrfzim.com)  
Twitter: @LRFZimbabwe

### **Zimbabwe Lawyers for Human Rights**

Physical address: 103 Sam Nujoma Street, Harare  
Telephone: +263 867 700 5347 or +263 242 705 370 or +263 242 708 118  
Email: [info@zlhr.org.zw](mailto:info@zlhr.org.zw)  
Web: [www.zlhr.co.zw](http://www.zlhr.co.zw)  
Twitter: @ZLHRLawyers

### **Zimbabwe Women Lawyers Association**

Toll-free number: 08080131  
Harare  
Address: 17 Fife Avenue, Harare  
Telephone: +263 242 708 491 or +263 242 706 820  
Email: [zwla@zwla.co.zw](mailto:zwla@zwla.co.zw)  
Bulawayo  
Address: 134 J Tongogara Street, Cnr 14th Avenue, Bulawayo  
Telephone: +263 988 7186 or +263 988 7187  
Email: [zwlabyo@zwla.co.zw](mailto:zwlabyo@zwla.co.zw)  
Web: [www.zwla.co.zw](http://www.zwla.co.zw)  
Twitter: @ZimWomenLawyers